ЩIэныгъэм и лъагъуэхэр

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Гъуазджэр зи псэм хэлъ Къанкъул Ислъам

4-нэ нап.

Кавказым ис щIалэгъуалэр зэкъуоувэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№95 (24.845) • 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 7, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Зыужьыныгъэм и къежьапIэхэр

КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэ. Абы щызэхалъхьэжащ 2024 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэр, мы зэманым щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр щызэпалъытащ икIи къалэнышщIэхэр ябзыхуащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, абы и къуэдзэхэр, экономикэ IэнатIэм и министрхэр, республикэм и хьэрычэтыщIэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Петербург щекIуэкIа экономикэ зэхуэсышхуэм стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэм хэIущIыIу зэрыщищIамкIэ, Лъэпкъ инвестицэ рейтингым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхухэр зэрыщефIэкIуар, КИФЩI-м щиIыгъа 3-нэ увыпIэм икIыу 2-нэм зэрыкIуар. Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ «абы шэч зэрыхэмылъыр икIи экономикэм и хабзэхэм зэрытетыр, макроэкономикэ ехъулIэныгъэхэми зэрыщIагъэбыдэжыр».

КIуэкIуэ Казбек абы теухуа бжыгъэхэр щхьэхуэу къихьащ. Къапщтэмэ, цIыхухэм я хэхъуэхэм ятеухуахэр: «2019 гъэри къыхиубыдэу къапщтэмэ, ди цIыхухэм ику иту я хэхъуэр сом 20815-рэ хъууэ щытауэ аращ. Мы зэманым, 2024 гъэм къэрикIуахэм япкъ иткIэ, ар сом 45443-м нэсащ. КИФЩI-м и гугъу пщIымэ, ику иту ар сом 40603-рэ щохъу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ хуэди 2,2-кIэ хэхъуащ. КИФЩI-р къапщтэмэ, ди деж ику иту проценти 10-м щIигъукIэ щынэхъыбэщ. Хэхъуэр зэрыщыту къэбгъэлъагъуэмэ, зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыщыIэр жытIэфынущ, ныбжьэгъухэ. Сэ 2020 гъэр къэсщтэнщи, а илъэсым а бжыгъэр ипэ ита илъэсым елъытауэ процент 99-рэ хъурт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ди цIыхухэр нэрылъагъуу нэхъ хуэмыщIауэ псэу хъурт. Дэ инфляцэм дылъэщIыхьэртэкъым - проценти 100-кIэ нэхъ мащIэт. 2020 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс зэкIэлъыкIуиплIым гъэ къэс ику иту проценти 110-м щIигъукIэ хохъуэ. Абы Iэмал къитащ сом 45443-м дынэсыну, икIи мыбдежым щхьэщытхъугъи хэмылъу схужыIэнущ ар КИФЩI-м щынэхъ ин бжыгъэу зэрыщытыр. 2024 гъэм и закъуэ къэдмыщтэми, дызэрыт илъэсым и щIышылэ - гъатхэпэ мазэхэми къриубыдэу зэхъуэкIыныгъэфIхэр зэрыдиIэм дытетщ. КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм япэ мазищым а бжыгъэр 36428-рэ щыхъуауэ арамэ, ди деж сом 41482-м щынэсащ. 2024 елъытауэ къэбгъэлъагъуэмэ, хэхъуэр проценти 124-рэ мэхъу. ИкIи, адэкIи а бжыгъэхэр нэхъыфI мэхъу. ТхьэмыщкIагъэм и мардэ жыхуаIэр къатщтэмэ... 2019 гъэм ар процент 25-рэ хъууэ щытащ. Нобэ а бжыгъэр процент 11,7-рэ мэхъу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэр щыIэщ. Апхуэдэу щIыжысIэри? Инвестицэхэм нэмыщI, гъэзэщIакIуэ властым и органхэр йогугъу бюджет IэнатIэ пэрытхэм я лэжьапщIэм яхущIыгъуным, ар ехьэлIащ ди бизнесми - абыхэми улахуэм хагъахъуэ. А псоми Iэмал къат цIыхухэм къащэхум хэхъуэнымкIи. Абы ипкъ иткIэ экономикэми зеужь. ИщхьэкIэ зи гугъу щысщIахэм я щыхьэту - 2024 гъэм и мазиблым къриубыдэу ди хэхъуэхэр сом мелард 11-рэ мелуан 780-рэ хъууэ щытамэ, мы илъэсым республикэ бюджетым - республикэ бюджетым и закъуэ! - сом мелард 14-рэ мелуан 30-рэ хъуащ, ар сом меларди 2,2-кIэ нэхъыбэщ. Ар проценти 119-м нэблагъэ мэхъу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, дефляцэм и мардэм хуэкIуэу аракъым, атIэ нэхъыбэщ, ипэ иту макIуэ. Шэч хэмылъу, а псор пхузэфIэкIынукъым инвестицэхэр хэмыту. Аращи, инвестицэхэм ехьэлIахэр ноби зи чэзу Iуэхуу къонэж. Абы къыхэкIыу дэ тхуэфIэкI псори длэжьын хуейщ инвестицэхэр ди IэнатIэхэм къыхегъэлъхьэным хуэунэтIауэ, абы папщIи щытыкIэ тэмэм къызэдгъэпэщыпхъэщ. А псоми, ныбжьэгъухэ, шэч хэмылъу пыщIащ экономикэм зиужьынри, бюджетым и хэхъуэхэр нэхъыбэ хъунри икIи ди къалэн нэхъыщхьэр зэдгъэхъулIэнри - ар ди цIыхухэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ щIыныр. Мыбдежым фIыщIэ щахуэсщIыну сыхуейщ хьэрычэт IэнатIэм хэтхэм, а бжыгъэхэм дынэсын папщIэ щхьэх имыIэу лажьэхэм, республикэмрэ къэралымрэ адэкIи зауэжьыным хэлъхьэныгъэ хуэзэщIхэм. Нэхъыщхьэжращи, ди бюджетым апхуэдэ Iэмал къызэрыдитым и фIыгъэкIэ, дэ дыдоIыгъыф дзэ Iуэху хэхам пыщIа лэжьыгъэхэр. Ар къалэн нэхъыщхьэщ икIи нобэ зэрытхузэфIэкIым хуэдэу, адэкIи а унэтIыныгъэм дытету дыкIуэтэн хуейщ.

АдэкIэ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис зэIущIэм хэтхэр щыгъуазэ ищIащ Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм инвестицэ и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутым теухуа рейтингыр 2025 зэрызэхагъэувэ щIыкIэм икIи илъэсищ гъунэгъум республикэм абы и лъэныкъуэкIэ и Iуэхур егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ я мурадхэми къытеувыIащ. Рейтингыр лъэныкъуи 180-кIэ зэпалъыт, абыхэм хьэрычэтыщIэхэм, къэпщытакIуэхэм я зэфIэкIхэмрэ Iуэху еплъыкIэхэри статистикэм къигъэлъагъуэ бжыгъэхэри яхэту.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ рейтингым ущыдэкIуэтеиныр къалэн нэхъыщхьэу зэрыщымытыр, ауэ абы Iэмал къет инвестицэ лэжьыгъэм гульытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэу хэлъхэм гу лъыптэнымкIэ. Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ Советым и къалэн нэхъыщхьэр хьэрычэтыщIэхэр щхьэусыгъуэншэу зыIууэ лъэпощхьэпохэр гъэмэщIэныр арауэ зэрыщытыр.

КъБР-м «Экономикэ зыужьыныгъэмрэ щIэм тет экономикэмрэ» и къэрал программэм ипкъ иткIэ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэр дэIыгъыным и гугъу щищIым, Рахаев Борис жиIащ абы 2024 гъэм сом мелуани 106-рэ зэрытрагъэкIуэдар, абыхэм ящыщу мелуан 37-р республикэ бюджетым къыхэкIащ. Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм я бжыгъэр зы илъэсым къриубыдэу проценти 6,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ, иджыпсту юридическэ лицоуэ щытхэр мини 5,8-рэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэр мин 16,8-мэхъу. Налог мардэ хэхам тету зи щхьэ хуэлэжьэжхэм я бжыгъэр мин 81,4-м щIегъу икIи илъэсым къриубыдэу проценти 114,3-м нэсащ. МСП-м щыщу налог мардэ хэхам тету лажьэхэм 2024 гъэм сом меларди 2,4-рэ къатащ, илъэс кIуам и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ хэхъуэр проценти 135,3-рэ хъуащ.

Муниципальнэ инвестицэ мардэр хэпщэнымкIэ яIэ зэфIэкIымкIэ зэхуэсым хэтхэм ядэгуэшащ Бахъсэн къалэ округым и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Архъагъэ Зухрарэ Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артуррэ. Республикэм и Iэтащхьэм муниципалитетхэм захуигъэзащ инвестицэ жэрдэмхэр нэхъ жыджэру зэрыпхагъэкIыным, КъБР-м зегъэужьынымкIэ корпорацэм нэхъ быдэу пыщIауэ зэрыдэлэжьэным, езыхэм абы и лъэныкъуэкIэ яхузэфIэкIхэр республикэм и Инвестицэ картэм къыщагъэлъэгъуэным яужь итыну.

КъБР-м зегъэужьынымкIэ корпорацэм и унафэщI Чочаев Ахьмэт зэIущIэм щIэсхэр щыгъуазэ ищIащ я лэжьыгъэм къэрикIуахэм, абы щIыналъэ инвестицэ мардэр гъэзэщIэн и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIахэри, проектхэр пхыгъэкIыным хуэгъэзауэ зэрызыкъыхуагъэазэхэм хэплъэнри хэту. Мы зэманым корпорацэм и нэIэ щIэтщ проект 36-р зэрагъэзащIэ щIыкIэр. Псори зэхэту абыхэм сом мелард 35,2-рэ яхуозэ. «Зы щхьэгъубжэ» мардэм тету, бжыгъэхэр и лъабжьэу лэжьэн папщIэ абы пыщIа Iуэхухэр зэтраухуэ, зэпыщIэныгъэхэми зрагъэубгъу.

КъБР-м и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ щыIэ советым хэтхэм зытепсэлъыхьа Iуэхухэм теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр махуищым къриубыдэу къагъэлъэгъуэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэр щиухым къыхигъэщащ хьэрычэт IэнатIэм и инвестицэ унэтIыныгъэр дэIыгъыныр экономикэм зегъэужьынымкIэ, щIыналъэ бюджетым и хэхъуэр гъэбэгъуэнымкIэ, социальнэ Iуэхухэр дэгъэкIынымкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэхэм зэращыщыр. А къалэнхэр гъэзэщIа хъун папщIэ иджыри лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIын хуейщ республикэ, муниципальнэ IэнатIэхэм.



Зи чэзу къалэнхэр щызэпкърах

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэр.

НЭХЪЫЩХЬЭУ зытепсэлъыхьахэм ящыщщ Тырныауз къалэм щыIэ щытыкIэр. Къалэм щыпащэ гъуэгухэм, уэрамхэм къытрихьа мывэхэмрэ ятIэмрэ тегъэкъэбзыкIыжыным хуэгъэза Iуэхухэм, коммунальнэ IэнатIэм и лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэтеухуэжынми яужь итщ.

Республикэм и унафэщIым фIыщIэ яхуищIащ Тырныауз щытыкIэ гугъум щитам я къару емыблэжу зи къалэн зыгъэзэщIахэм, иджыри зи IэнатIэм пэрытхэм.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ зэрыщагъэзащIэм. Зэрыщыту къапщтэмэ, ахэр яубзыхуа пIалъэм тету йокIуэкI, ухуэныгъэ щхьэхуэхэм ехьэлIа Iуэхухэр зэфIэмыхьэ хъумэ, щыпIэхэм щагъэзэкIуэж.

ФокIадэм и 1-м зи чэзу гъэ еджэгъуэр унэщIэхэм щыщIадзэжынущ еджапIибгъум. Къэбгъэлъагъуэмэ, сабийхэр екIуэлIэжынущ еджапIэ, щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэ 400-м щIигъум. НыбжьыщIэхэм папщIэ къащэхуащ зэреджэ литературэу мин 440-рэ. ЕджапIэхэм автобусу 230-рэ яIэщ, иджыри 20 хущIагъуунущ. Мы гъэм и кIэм нагъэсынущ еджапIэ 15 къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ абыхэм къедза щыпIэхэр зэIузэпэщ щIынми.

КIуэкIуэ Казбек муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм пщэрылъ ящищIащ а Iуэху псоми я нэIэ трагъэтыну, къыкъуэкI ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжын и лъэныкъуэкIэ и чэзум зыхуэфащэ министерствэхэм зыпащIэну.

ЛъэмыжыщIэ тралъхьэнущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым цIыхухэм щадэгуэшащ Тырныауз къалэм щытыкIэр зэрыщызэтеувэж щIыкIэм теухуа хъыбархэмкIэ.

ГЪУЭГУ, коммунальнэ IуэхущIапIэхэм мы махуэхэм я нэIэ трагъэкIыркъым Тырныауз къыщеха ятIэпсым зэхикъута гъуэгухэр зэгъэзэхуэжыным. Лэжьыгъэр жэщ-махуэм и кIуэцIкIэ зэпыуркъым. Къалэм и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуэ автомобиль гъуэгумрэ лъэс лъагъуэмрэ нэхъ пасэу къызэIуахыжащ. Район администрацэмрэ цIыхубэр зыщIэупщIэ IуэхутхьэбзэщIапIэхэмрэ хуиту уабгъэдохьэ.

«ЯтIэпсым и Iэужьхэр зэдогъэзэхуэж. ЩIэныгъэлIхэм, инженерхэм, проект зыщI ухуакIуэхэм - Iуэхум хэзыщIыкI IэщIагъэлI псоми дочэнджэщ Тырныауз ятIэпсыр дяпэкIэ къыщех хъумэ, зэраныгъэ къримыкIуэн папщIэ, Iэмэпсымэхэмрэ машинэ гъуэгухэмрэ зэгъэпэщын зэрыхуейм теухуауэ, - етх КIуэкIуэ Казбек. - Мурад нэхъыщхьэр Герхожан-Суу псыежэхыр къыщиукIэ, абы къырихьэх ятIэпсым дяпэ илъэс пщIы бжыгъэкIэ цIыхухэр щытхъумэнырщ. ИджыпстукIэ еплъыкIи 10-м нэс хьэзыру диIэщ. Абыхэм ящыщщ ятIэпсыр зрижэ кIэнауэм зегъэубгъун, абдежым хэтIа пкъохэр нэхъ быдэ щIын зэрыхуейр. Транспорт инфраструктурэм и гугъу тщIымэ, Iэмал зыбжанэ щыIэщ: е лъэмыжыщIэ тралъхьэнущ, е тоннелыщIэ кIуэцIрашынущ. Унафэ пыухыкIа тщIымэ, икIэщIыпIэкIэ лэжьыгъэм иужь дихьэнущ.

Иджыри ди мурадщ Бахъсэн псым и сэмэгурабгъу Iуфэм ирикIуэу, къалэм хиубыдэ асфальт гъуэгу тетлъхьэну».

Иджыри щытыкIэм щыкIэлъоплъ

Урысейм КъэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ и министерствэм КъБР-м щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм къызэритамкIэ, дыгъуасэ Iуащхьэмахуэ бгым и ипщэ егъэзыхыгъуэм, метр 3200-рэ нэблагъэ лъагапIэм деж мывэхэр зыхэлъ ятIэпс къехащ. Ар турист ухуэныгъэхэм зэран яхуэхъуакъым.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, мы зэманым ятIэпс къехынымкIэ республикэм иджыри шынагъуэ щыщыIэщ. Температурэр зэрылъагэм, хьэуам псыIагъышхуэ зэриIыгъым къыхокI апхуэдэ къызэрымыкIуэ щытыкIэр.

Турист щIыпIэхэм фыщыщыIэкIэ набдзэгубдзаплъэу фыщыт. ЩытыкIэ шынагъуэ къэхъумэ - 112 телефоным фыпсалъэ.

ЛIыхъужьыгъэм теухуа пэкIу

Большая Мартыновкэ, ЩIыхьым и фэеплъым деж щекIуэкIащ Мартыновскэ районыр бийм зэрыщахъумэрэ илъэс 83-рэ зэрырикъуам теухуа пэкIу. «Эстафета поколений» зыфIаща Iуэхум хэтащ Мартыновскэ районым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Гончаровэ Наталье, районым къегъэщIылIа къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэр, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Чвановэ Еленэ, районым и гуащIэрыпсэухэр, щIалэгъуалэр.

ПЭКIУР къызэIуаха нэужь, дзэ комиссар Тузов Дмитрий ДНР-м щыхэкIуэда зауэлI Серый Юрий и Iыхьлыхэм ярытыжащ езыр мыпсэужу абы хуагъэфэща «ЛIыхъужьыгъэм и орденыр».

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм жаIащ Хэку зауэшхуэм ди цIыхухэм щызэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ дэтхэнэми и гум илъын зэрыхуейр, мы зэманым дзэм къалэн щезыхьэкIхэм я дежкIи ар щапхъэ зэрыхъур. Къыхагъэщащ, нобэ дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэми ди япэ итахэм яхуэфащэн лIыгъэ къызэрагъэлъагъуэр. ПэкIум хэтхэр дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ зауэм зи псэ щызытахэм, фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ИужькIэ, «Эстафета поколений» автомобиль къызэдэжэм и мардэм тету, пэкIум хэтахэм яунэтIащ Московский, Степной, Новониколаевский къутырхэм.

Ар щиухащ Мартыновскэ районымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я цIыхухэм зэдыхаса Ныбжьэгъугъэм и аллеем. Мартыновкэдэсхэм къыхагъэщащ зауэм и зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщауэ щыта 115-нэ шуудзэм хэтахэм я хахуагъэм я щхьэр зэрыхуагъэщхъыр.

ГЪУЭТ Синэ.

ЩIэныгъэм и лъагъуэхэр

Зи ныбжьыр хэкIуэта тхьэмадэ жьакIэхухэр дихьэхауэ, ауэ хигъаплъэу зы Iуэху ирипсалъэрт: къащIэхъуа щIэблэм гукъэкI ящIри, лъэпкъым и къуэпсхэр зэрапхыжыну, щIалэхэр зыр адрейм зэрыгухьэ щIыкIэр яубзыхуну траухуати, дадэхэм я щIэныгъэри я щIэжри зэрахьэлIа пэтми, яхуззэхуэмыгъакIуэу зы Iуэхугъуэм я щхьэр къикъутэрт – лъэпкъым и зы къудамэр зыщIыпIэ нэсырт, ауэ адэкIэ мыкIуатэу къыщыувыIэрт; ар жыгым и пкъым яхухэгъэхьэжыртэкъым, абы адрей къудамэхэм ирата увыпIэм хуэди ирагъэгъуэтыжыфыртэкъым. Шэч къытрамыхьэжыну, зэрызэунэкъуэщыр ящIэрт, игъащIэми я шыгъупIастэ зэхэлъу, Iуэху къахукъуэкIмэ, зэкIэлъыкIуэ-зэкъуэувэу къекIуэкIат, ауэ абдеж къэхъуар яфIэщIэщхъут икIи яфIэгунэстэкъым.

ЗЫКЪОМРЭ абы ирипсэлъа нэужь, алъандэрэ зыри жимыIэу щыса зы дадэм гупсысэ къыхилъхьащ: ди нэхъыжьхэм я цIэхэр къидвгъатхъи, щызэмыувалIэ щIыпIэм деж ди дамыгъэр тедвгъащIэ, щIалэхэм едвгъэгъэлъагъуи, адэкIэ абыхэм Iуэхум кIуэрабгъу къыхуагъуэтынщ, жиIэри. ЗэрыжаIам хуэдэу ящIри, жыгым къыхэкIа къуэпсхэри къуэпсыншэ къудамэри зэхагъэуващ, щIалэгъуалэр Iуэхур зыIутми щагъэгъуэзащ. Къуэпсыншэ къудамэм щыщ зы щIалэщIэм щхьэкIуэ щыхъуащ жыгым и пкъым езым и лъапсэр зэрыхэмыхьэжыфыр, икIи, пэжыр къитIэщIыну ищIа тхьэлъанэм тету, мазэ бжыгъэкIэ къуажэми, щIыналъэми, хэгъэгуми я дэфтэр хъумапIэхэм нэхъыжьхэм зи цIэр къахуэмыщIэж и дадэм и лъэужь къыщилъыхъуащ. ЩхьэкIуэ зышэч щхьэ шхыгъуэ йохуэ, жаIэ адыгэхэм. Зи щхьи, зи цIи ямыщIэж дадэм зигу щIэуз щIалэщIэм ущилъыхъуэ хъуну зы щIыпIэ къигъэнакъым, икIэм-икIэжми и лъэужьым теуващ: къигъуэтыжа дадэр зэшхэм я нэхъыжьу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ жыгым япэу къыгуэкIа къудамэхэм ящыщу къыщIэкIащ. Ар къэгъэнауэ, щIэныгъэ бгъэдэлъауэ, еджагъэшхуэу, и мыхъур Iэлъынрэ дамыгъэрэ иIэжу, къуажэм и хеящIэу щытауэ къыщIэщащ. Пасэу дунейм щехыжым, зы щIалэ закъуэ къыщIэнати, нэгъуэщI лъэпкъым ирырамышэ, къззылъхуахэм ирырапIыж, жаIэри, анэр пщыкъуэм ирагъэшэжыгъат. Дунейм ехыжам и цIэр апхуэдэ щIыкIэкIэ яIэщIэхуа хъуат, ауэ бын тIуащIэ хъуа анэм къыщIэхъуахэр адэ зырыз къазэрытекIри ящыгъупщакъым. ЩIалэ гумызагъэм и фIыгъэкIэ зы адыгэ дадэ и цIэр дунейм къытехьэжат...

Мы хъыбарыр дигу къэзыгъэкIыжар иджыблагъэ КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм щекIуэкIа Iуэхугъуэ дахэрщ - Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ къудамэм и 3-нэ курсым щеджэ ныбжьыщIэхэм практикэ лэжьыгъэр щрахьэкIыну абы ирагъэблэгъат. Ахэр зи унафэм щIэт, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Урысеймрэ Кавказымрэ я тхыдэмкIэ кафедрэм и профессор Кузьминов Пётр щIалэгъуалэм щепсалъэм, къыщригъэжьари апхуэдэ зы Iуэхут.

– Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я нэхъыбэм тхыбзэ ямыIами, тхыдэ гъуэгуанэшхуэ къызэпачащ, зи хуэдэ щымыIэ щэнхабзи къагъэщIащ. Мы лъахэм и щIыдэлъхууу щыт лъэпкъхэм я дыгъуасэрей махуэхэр зыхуэдар, зыгъэгумэщIу икIи зыгъэгуфIэу щыта Iуэхугъуэхэр, я нобэрей гъащIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ тхыдэ къэхъукъащIэхэр зэхэгъэкIыныр къалэнышхуэу зыгъэувыр щIэныгъэм и закъуэкъым. Фэ псори лъэпкъ зырыз фыкъыхэкIащ, ахэр къуажэ-жылэ зэмылIэужьыгъуэхэм щопсэу. Лъэпкъ зэхыхьэхэр зыщIахэри къыфхэтщ, абы егупсысу апхуэдэ Iуэху къыдэзыхыну щIэхъуэпсхэри мащIэкъым. Дэтхэнэ зы лъэпкъми, гувэми-щIэхми, и лъэпкъ жыгыр щIын хуейуэ къалэн и пащхьэ къоувэ. Нэхъыжь куэд зимыIэж лъэпкъхэр зыщыгугъыр дэфтэр хъумапIэхэращ. Абыхэм я бжэхэр цIыхухэм яхузэIухащ, я гъэтIылъыгъэхэм къыщIэупщIэхэм зыщагъэгъуэзэнуи Iэмал яIэщ. Апхуэдэ Iэмал фэри иджы зэвгъэгъуэт хуэдэщ. Дауи, нэуфIыцIщхьэрыуэу къыпIэрыхьэ тхылъым уи унагъуэцIэр къибгъуатэрэ ар епхьэжьэу хэIущIыIу пщIыкIэ зэфIэкIынукъым - а фи унагъуэцIэр зэрихьэу дэфтэрым зи цIэ къивджыкIар фэ къыфпыщIарэ къыфпымыщIарэ зэхэвгъэкIын хуейщ, а тхылъым лъэхъэнэрэ зытеухуа IуэхукIэ къекIуалIэ е къыбгъэдыхьэ нэгъуэщI дэфтэрхэми фылъыхъуэн хуейщ. ЗэвгъапщэкIэрэщ пэжыр къыщыщIэвгъэщыфынур. Абы къыщыувыIэркъым. Псоми дощIэ унагъуэм и тхыдэр жылагъуэм и тхыдэу зэрыщытыр, ауэ жылагъуэм и тхыдэри лъэпкъ псом и блэкIам гуэх имыIэу епхауэ щытынущ. Фэ щIэныгъэ щIызэвгъэгъуэтыр абы фрилэжьэн щхьэкIэщи, фызэрыгъуазэ тхылъхэм къивджыкIар сабийхэм я пащхьэм щыжыфIэжын хуей хъунущи, жыIэзыфIэщ фымыхъун папщIэ, фызытепсэлъыхьым фи нитIкIэ флъэгъуауэ архив тегъэщIапIэ иIэ хъумэ, а тхыдэ къэхъукъащIэр ящымыгъупщэжыну щIэблэм я деж нэфхьэсыфынкIэ хъунущ. Ар зы Iуэхуу. КъищынэмыщIауэ, тхыдэ щIэныгъэм и гъуэгум теувэнухэри къыфхэкIынкIэ хъунущ. Адыгэхэм жыIэ: чы щIыкIэ къыумыгъэшар бжэгъу хъуа нэужь къыпхуэгъэшыжынукъым. Апхуэдэу, иджы щыщIэдзауэ архивхэм зэрыщылэжьэн хуейм теухуауэ есэныгъэхэр зэвгъэгъуэтмэ, я фIагъ куэд екIынущ дяпэкIэ евгъэкIуэкIыну къэхутэныгъэхэм. Арыххэуи, фи лъэпкъ тхыдэри, жылэ Iуэхури, къэхутэныгъэ лэжьыгъэри дэфтэр хъумапIэхэм зыкъомкIэ зэтес ящIыфынущи, фытегушхуэ, фылажьэ, хьет жевгъэIэ, - жиIащ Кузьминов Пётр.

Практикэ лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIыну ныбжьыщIэхэм IуэхущIапIэм и гъэпсыкIэмрэ и лэжьэкIэмрэ ятеухуауэ псалъэмакъ купщIафIэ ядригъэкIуэкIащ КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм и унафэщI Пщыбий Анзор.

- Ди щIыналъэм и къуажэхэмрэ и къалэхэмрэ я тхыдэр къэтIэщIыжыныкIэ ди IуэхущIапIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я блэкIам теухуауэ Жэпуэгъуэ революцэм ипэкIэ сыт хуэдиз дэфтэр пащтыхь къулыкъущIэхэм зэIэпамыхами, нэхъыбэр ди деж щахъумэ. Пэжщ, абыхэм ящыщ куэд къыщыбгъуэтынущ Владикавказ, Ставрополь (Шэткъалэ), Краснодар, Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщI къалэхэми. Апхуэдэу щыт пэтми, ди деж къыщебгъэжьэу укIуэцIрыкIыныр игъуэу къызолъытэ. 1920 гъэхэм къыщегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт хуэдиз Iуэху къыщемыкIуэкIами, абыхэм ехьэлIауэ зэтралъхьа дэфтэрхэмрэ тхылъхэмрэ дэ къыдэкIуалIэу, зэдгъэзахуэу, тхъумэу дыщытщ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Iэджэ фIыгъуи тфIэкIуэдащ, икIутар из мыхъужми, Iэджэ зэдгъэпэщыжынуи къыдэхъулIащ. Дэ тхъумэ дэфтэрхэр зытеухуакIэ зэщхьэщыдгъэкIащ, дэтхэнэми узэрыгъуэзэн тхылъ иIэщи, абыхэм уахэплъэурэ узыхуейр къыхэпхыну Iэмал щыIэщ. Апхуэдэу сурэт гъэтIылъыгъэхэр диIэщи, абыхэми уадэлэжьэфынущ. Революцэм ипэкIэ екIуэкIахэм ятеухуа дэфтэрхэр нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщи, ахэр Iэмал зэриIэкIэ щыщIагъэ ямыгъуэту зэрахъумэным иужь дитщ - езы тхылъ дыдэхэр ттыркъым, атIэ ятетха сурэтхэм къэхутакIуэхэр иролажьэ. Совет лъэхъэнэм и тхыдэм теухуауэ щыIэ архив тхылъхэм хуиту урилэжьэфынущ. Фэ фызыхыхьэну дунейр апхуэдизкIэ абрагъуэщи, фи ныбжьым ситамэ, абы и щIэщыгъуагъыр схуэмыухыу сыхъунт, апхуэдизкIэ сэ езым а гъэтIылъыгъэхэм пIейтеиныгъэ къысхалъхьэри, щIэ гуэр къыщызгъуэта нэужь, сагъэгумащIэри. Гъуэгу махуэ, фызыхуейр къыщывгъуэтыну, архивхэм фыдахьэхыну сыфщогугъ, - жиIащ Пщыбий Анзор.

Архивым и лэжьакIуэхэм ныбжьыщIэхэр хъумапIэхэм къыщрашэкIащ, IуэхущIапIэм и лэжьэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм щагъэгъуэзащ, дэфтэрхэр къызэралъыхъуэ щIыкIэхэм нэIуасэ хуащIащ.

Пэжыр жыпIэмэ, куэдым къахуимыхуэ Iэмалщ архив къулыкъущIапIэм зыщаплъыхьыныр, абы и кIуэцIым щахъумэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм еIусэныр, къызэгуахыу еплъыныр. Ди лъэпкъым тхыдэ гъуэгуанэшхуэ къызэринэкIащ. Иужьрей илъэс тIощIырыпщIым сыт хуэдиз щIэныгъэ утыку къимыхьами, иджыри дызыщымыгъуазэ куэд дыдэ щыIэщ. ДыщIыщыIэр ди щIэблэращи, пщэдейрей махуэхэр купщIафIэ зэращIын Iэмал псори абыхэм ябгъэдэлъхьэн хуейщ. ЩIэныгъэм и лъагъуэхэм ущызекIуэныр тынш дыдэкъым, ауэ абдеж узыщрихьэлIэ лъэпощхьэпохэр къызэбнэкIыфмэ, узытришэну гъуэгушхуэращ фIыгъуэр здэщыIэри, абы лъэбакъуэ хуэзыча ныбжьыщIэхэр ехъулIэну ди гуапэщ. Апхуэдэ дыдэуи дыщогугъ щхьэж и лIакъуэрэ лъэпкъкIэ я щIэныгъэр щыз зэращIын Iэмал къахукъуэкIыну, къызыхэкIам иризыгъэгушхуэн, я адэжьхэм я IуэхущIафэхэм лъагэ щIэзыгъэхъукIын куэд абдеж къыщагъуэтыну.

ШУРДЫМ Динэ.

Езы тенджыз дыдэми лъэкIакъым...

Тенджызым итхьэла хьэрып щIалэ цIыкIум и фэеплъу

2011 гъэм Щамым (Сирием) къыщежьа зауэ гущIэгъуншэм хэкIуэдам, Iэпхъуэшапхъуэу ежэжьауэ тенджызым щIилъэфам я бжыгъэр зыми ищIэркъым. Балигъхэм я гугъу умыщIи, сыт хуэдиз сабийм къатеункIыфIа я гъащIэр! А мин бжыгъэ къомым ящыщ зыщ 2015 гъэм тенджызым итхьэла Айлан Курди. Тырку щIыналъэм и псы Iуфэм къыIуидзэжа щIалэ цIыкIум и сурэтыр дуней псом къыщыдэкI газет Iэджэм къытрадзауэ щытащ. Слъэгъуар гущIыхьэ сщыхъури, асыхьэтым си гум къыпылъэдар новеллэ хуэдэу тхылъымпIэм истхащ, иужькIэ зезгъэубгъун си гугъэу, арщхьэкIэ... сызэрыхуейм хуэдэу схупыщакъым. Илъэсипщ ипэкIэ си Iэдакъэ къыщIэкIар зэрыщыту къэзгъэнэжмэ нэхъ сфIэкъабылащ.

АЙЛАН цIыкIу! Сыту гущIэгъуншэт уэ укъызытехьа дунейр. Зауэр уи щIыналъэм щыетарэ унагъуэр псэуууэ нэху къекIмэ, уи адэанэм Алыхьым шыкур хуащIу. Ауэ уи хъуреягъкIэ къыщекIуэкI псор дэнэ щыпщIэнт уэ. УцIыкIуIуэт. Дэтхэнэ зы сабийми хуэдэу, угуфIэжу уIущIэрт махуэщIэ къэунэхуам. УщыгуфIыкIырт пщэдджыжь дыгъэм. Езы дыгъэри, къыпщыгуфIыкIыу, и бзий щабэхэр щигъэджэгурт угъурлыгъэ къызрих уи нэгу цIыкIум. КъодэхащIэрт и быным хуэдэу. Нэху щамэ, укъакъэ-упщIыпщIу, дунейр тIэу пкIэгъуэ пхуримыкъуу, уахэтт уэрамым дэт уи ныбжьэгъу цIыкIухэм. Уэ дэнэ щыпщIэнт хуэм-хуэмурэ зауэр уи бжэIупэм къызэрыблагъэр. УсабииIуэт, илъэсищт узэрыхъур. Ауэ зы махуэ гуэрым уи адэанэм пIащIэ-тхъытхъыу я хьэпшыпхэр зэщIакъуэу, уи къуэш нэхъыжьыр пщIыгъуу ущрашажьэм, уи сабиипсэм къищIащ Iуэхур зэрышынагъуэр. ПщIэртэкъым уздашэр. ПщIэртэкъым къыппэплъэр. ПщIэртэкъым пIэщIэгъуэкIэ къэбгъанэ уи хэкум зэи къызэрумыгъэзэжынур ...

Уэ зэи плъэгъуатэкъым тенджыз. Зэи уитIысхьатэкъым кхъуафэжьей. Мо тенджызышхуэм ущытехьэм угужьеяуэ гъуэрыгъуэурэ уиплъэрт уи адэанэм я нэгу. Ахэр зэрынэщхъеймкIэ уи сабиипсэм къищIат гузэвэгъуэшхуэм гъуэгу шынагъуэ фызэрытришар.

Муслъымэн цIыхум и адэжь лъапсэр, и хэкур фIырыфIкIэ ибгынэ хабзэкъым. Уи адэ-анэм я щIыналъэр IэщIыб щIащIар уэрэ уи шынэхъыжь цIыкIумрэт. Жьыи щIэи, мыси хеи зымыщIэ шэм, лагъымым фыкърагъэлыныртт. Уэрэ уи къуэшымрэт я псэм гузэвэгъуэр телъу а тIур езыхужьар. Ауэ иухатэкъым уэ цIыкIур уздашэм унэсыну. Кхъуафэжьейр уфэрэкIри, уи адэр къыпкIэлъыIэбэурэ, уи къуэшым ущIыгъуу псышхуэ къэукъубеям уигъэпщкIуащ.

Ауэ езы тенджыз дыдэм лъэкIакъым уэ дыгъэ шырыр и лъащIэм укъыщIинэн. «ЦIыхухэ, феплъ мы сабий хейм ефха лейм» жыхуиIэу, псы Iуфэм укъыIуихьэжащ...

ГущIыхьэт нэкIукIэ хэIубауэ ныджэм Iулъ сабийр плъагъуну. Абы траха сурэтыр щIылъэ хъурейм щызэлъащIысащ. А сурэтым къигъэгухащ гууз-лыуз зиIэ дэтхэнэ зыри. Къигъэгуха къудейм къыщымынэу, уэрамхэм минищэ бжыгъэкIэрэ цIыхухэр къыдыхьащ, Айлан хуэдэ «Iэпхъуэшапхъуэхэм, зауэм кърихужьахэм нэхъ лейкIэ еплъын хуейщ» жаIэу къагъэуву. ИкIи сабий хейм и сурэтыр ялъэгъуа нэужь, къэрал куэдым унафэ къыщащтащ зи щIыналъэр къэзыгъанэу къежэжьахэм я гупэ хуагъэзэну ...Айлан, уи гъащIэр птыри, уэ сэбэп уахуэхъуащ зауэм кърихужьа цIыху минищэ зыбжанэм.

Айлан цIыкIу! Иджы едапщэнэрэ - къызощтэри соплъ уи сурэтым. Сеплъыхуи схуэубыдыркъым си нэпсыр. Уэ дунейм укъытехьат насыпыфIэ ухъун хуейуэ. Укъытехьат укъэзылъхуахэм, уи адэжьхэм яухуа гъащIэм пыпщэну уи боршу. Уэ укъысхуегъэлыну сщIамэ, зы напIэдэхьеигъуи сыкъэдзыхэнтэкъым - стынт си гъащIэр.

...Сыту гукъутэ абы уегупсысыну - афIэкIа уэ зэи плъагъужынукъым махуэщIэр. АфIэкIа зэи уIуплъэжынукъым дыгъэм. АфIэкIа зэхэпхыжынукъым уи жылэм дэт жыг закъуэтIакъуэм щыубзэрабзэ уэгунэбзухэм я макъ. ДунеягъэкIэ къахуэгъуми, ахърэтым къащыхуэгъуну пIэрэ уэ дуней нэхур къыптезыгъэункIыфIахэм?

САУТ СулътIан.

Дунейм щыхъыбархэр

Донбассым теухуауэ

УФ-м и Президент Путин Владимир хуэзащ Донецк ЦIыхубэ Республикэм и Iэтащхьэ Пушилин Денис. ЗэIущIэм къыщаIэтащ щIыналъэм и зыужьыныгъэм епха упщIэ нэхъыщхьэхэр.

АПХУЭДЭУ и гугъу ящIащ цIыхухэр псыкIэ къызэгъэпэщыным, псэупIэ унэхэр зэфIэгъэувэжыным, нэгъуэщI ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым теухуа Iуэхухэм. Пушилин Денис къыхигъэщащ псыкIэ къызэгъэпэщыныр республикэм къыпэщыт гугъуехь нэхъыщхьэхэм зэращыщыр, абы и щхьэусыгъуэуи къигъэлъэгъуащ бжьамийхэр жьы зэрыхъуар, ахэр 1990 гъэ лъандэрэ зэрызэрамыхъуэкIар.

Путин Владимир жиIащ социальнэ Iуэхухэми гулъытэ хэха зэрахуэщIыпхъэр, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр япэ игъэщыпхъэу зэрыщытыр.

«Гу-лъынтхуэ узыфэхэр зиIэ сымаджэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу, абы къыхэкIыу абыхэм щеIэзэ IуэхущIапIэхэм дахуэныкъуэщ. Иджыблагъэ Республикэ клиникэ сымаджэщым хэту Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центр къызэIутхащ. Медицинэм и унэтIыныгъэ щхьэхуэхэмкIэ IэщIагъэлIхэр тхурикъуркъым, абы ипкъ иткIэ «Узыншагъэм и кIэлъыплъакIуэ» гуп къызэдгъэпэщауэ, дохутырхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ республикэм и щIыналъэхэм макIуэ. Мы илъэсым и кIэ пщIондэ къуажэхэм ФАП-у 18 къыщызэIутхыну ди мурадщ», - жиIащ Пушилин Денис.

Махуэшхуэхэм къахохъуэ

Урысейм и махуэщIхэм иджыри зы къахэхъуащ. 2026 гъэм щIышылэм и 17-м щегъэжьауэ къэралым щагъэлъэпIэн щIадзэнущ Артистым и махуэр. Апхуэдэ хъыбарыр Урысейм и Правительствэм и телеграм-напэкIуэцIым кърилъхьащ.

ДЯПЭКIЭ щIышылэм и 17-р я махуэшхуэу щытынущ театрым, кином, циркым я артистхэм, апхуэдэуи музыкантхэмрэ эстрадэ уэрэджыIакIуэхэмрэ. МахуэщIыр трагъэхуащ япэу СССР-м и цIыхубэ артист хъуа, Москва и Художественнэ театрым и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ зы, егъэджакIуэ, актер Iэзагъэм зэрыхуегъэджапхъэр зыубзыхуа Станиславский Константин къыщалъхуа махуэм.

Къэралым и артистхэм махуэщI щхьэхуэ яIэныр и жэрдэмщ Урысейм и театр лэжьакIуэхэм я союзым и унафэщI Машков Владимир икIи ар ягъэувыным теухуа лъэIу тхылъкIэ УФ-м и Правительствэм зыхуигъэзауэ щытащ.

ШыщхьэуIум и 7, *махуэку*

♦**1646 гъэм** адыгэпщ Черкасский Муцалрэ къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ зауэлI мини 6 зыхэт я дзэр Нурдин-Джэрий и лагерым теуэри, зэтракъутащ.

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкIэ щагъэуващ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 33-рэ, жэщым градус 22 - 24-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуiум и 8, *мэрем*

♦**Офтальмологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Альпинизмэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** ЗыхъумэжыныгъэмкIэ Налшык комитетым унафэ ищIащ республикэм и къалащхьэм и къыдыхьэпIэхэм быдапIэхэр щаухуэну, щIытI лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну.

♦**2008 гъэм** Китайм и къалащхьэ Пекин къыщызэIуахащ XXIX гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ адыгэ щIалэ **Хъущт Аслъэнбэч**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ балетмейстер **Марыщ Заур**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Къудали Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псэ ящэри, напэ къащэху.

● Фэеплъ

Гум фIыкIэ къина

Мы махуэхэм дигу къыдогъэкIыж зыцIыхуахэми благъэ-Iыхьлыхэми я гъащIэм лъэужь дахэ къыщызыгъэна Дау (Дохъушокъуэ) ХьэIишэт Ильяс и пхъур.

ГЪАЩIЭ зиIэм и ерыскъыри къегъуэтыж жаIэ щхьэкIэ, лъэхъэнэ гугъум хиубыдамрэ адэ-анэ зыщхьэщымыту къэхъуамрэ адрейхэм ялъэщIыхьэныр зэрымытыншыр псоми ящIэ. А гупсысэр нэхъ ерыщу къыпфIыдожей зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэм уащытепсэлъыхькIэ.

Дау ХьэIишэт Ильяс и пхъур Сэрмакъ къуажэм 1937 гъэм шыщхьэуIум и 6-м дунейм къыщытехьащ. Бын куэд зэрыс мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыхэхъухьа хъыджэбзым и къарур и IитIымрэ и гъэсэныгъэмрэт. Пасэу зеиншэ хъуа ХьэIишэт илъэс 16-м лэжьэн щыщIидзащ Сэрмакъ дэт тхъу-кхъуей заводым. Лаборанту къыщIидзэри, ХьэIишэт мастери ящIат, ауэ щIэныгъэм хуэпабгъэ хъыджэбзым абдежым къыщыувыIэну и мурадтэкъым. Ари щIэхъуэпсырт къэралыр зэфIэзыгъэувэж цIыхубэм зэрахьэ лIыгъэм езыми и Iыхьэ хилъхьэну. Илъэс 15-кIэ заводым щылэжьауэ, щIэныгъэм щIэхъуэпс пщащэр Налшык къыщызэIуаха бухгалтер курсхэм щIэтIысхьащ. Унагъуэ ихьэнымрэ еджэнымрэ зы хъуами, цIыхубз щIалэм хузэфIэкIащ езым хуэдэхэм закъыкIэримыгъэху къудей мыхъуу, пэрытхэм захригъэбжэныр. Къалэм къэIэпхъуэжа нэужь, ХьэIишэт IэнатIэ хуэхъуащ Налшык дэт культпросветучилищэм и бухгалтер нэхъыщхьэм и къулыкъур. ИужькIэ ар ящIащ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и бухгалтер нэхъыщхьэ икIи а IэнатIэр хузэфIэкIыху ирихьэкIащ.

Къыхиха IэщIагъэм псэ къабзэкIэ хуэлэжьа бзылъхугъэр мызэ-мытIэу къэрал саугъэтхэмкIэ къыхагъэщащ, «Социалистическэ зэхьэзэхуэм щытекIуа» дамыгъэр, КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

И цIыхубз насыпкIи ХьэIишэт щапхъэу къагъэлъагъуэм хуэдэт. И щхьэгъусэ Дау Болэ Исмэхьил и къуэм и гъусэу, ХьэIишэт лъэкIэ игъэуващ сабиищ. Абыхэм нэхъ цIэрыIуэу яхэтыр япхъу нэхъыжь Дау Маргаритэщ, ар «Налшык» зыгъэпсэхупIэм терапиемкIэ и къудамэм и унафэщIщ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутырщ.

Дунейм ехыжа псори гум къызэринэр цIыху хэтыкIэу яIамкIэщ. Гуапагъэ хэлъу, хабзэмрэ нэмысымрэ япэ иригъэщу апхуэдэт ХьэIишэт, къыхуэзэну къызыхуихуа дэтхэнэ зыми и цIыхуфIагъым и бзийхэр зыщIригъашэу. Апхуэдэу дунейм тетар псэу пэлъытэщи, и ужь къинахэр, я нэхъыжьыр я щапхъэу, нобэ лъэпкъ гъащIэм хэтщ, щхьэж и IэнатIэр щытхъурэ фIыщIэрэ къалэжьу ирихьэкIыу.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

● УФСБ-м къет

Нэчыхь нэпцIхэр

Республикэм щыпсэу цIыхуи 10-м хамэ къэралым къикIахэр хабзэншагъэкIэ Урысейм и цIыхуу кърагъэлъытэну хущIэкъуащ.

БАХЪСЭН район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ суд зытращIыхьахэр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 322.1 статьям и 2-нэ Iыхьэм и «а», «в» пунктхэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ. ЯмыгъэтIысу абыхэм тралъхьащ зы илъэсрэ мазихым щыщIэдзауэ илъэси 5-м нэс.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэрыщIагъэщащи, абыхэм Урысей Федерацэм щыпсэуну хуей, хамэ къэрал цIыхуу 30-м нэчыхь нэпцIхэр хуатхыныр къыхузэрагъэпэщат. А дэфтэрхэм кърагъэгъэзэжащ.

Сом мелуани 5,5-м щIигъу

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгухэм - «РЖД» ОАО-м и къудамэм - и лэжьакIуэхэу Надзиров З.А., Вегниц Е.Ю., Статовой Е.Г. сымэ дизель гъэсыныпхъэ зэрадыгъуар. Абы кърикIуащ сом мелуани 5,5-м щIигъу хэщIыныгъэ.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Надзиров З.А. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «б» пунктым, 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 158-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ икIи ямыгъэтIысу илъэси 3 тралъхьащ, къуэдыри ипшынынущ. Вегниц Е.Ю., Статовой Е.Г. сымэ ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 158-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ. Абыхэми къуэды япшынынущ.

Терроризмэр диIыгъыырт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ республикэм щыпсэу, илъэс 36-рэ зи ныбжьым зэрихьэ хабзэншагъэр.

ШЭЧ зыхуащIым Интернетыр къигъэсэбэпурэ терроризмэр дэIыгъыным теухуа тхыгъэхэр зэбгригъэхырт.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 7-м нэскIэ ягъэтIыс.

АхъшэкIэ къызэригъэпэщырт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ республикэм щыпсэу, илъэс 54-рэ зи ныбжь цIыхубзыр терроризмэр ахъшэкIэ къызэгъэпэщыным зэрыпыщIар.

ШЭЧ зыхуащIым ахъшэ зэхуихьэсырти, дунейпсо террорист гупхэм хэтхэу хабзэхъумэхэм зыщагъэпщкIуу хамэ къэралхэм щыIэхэм я счетхэм яхуигъэхьырт.

Къэралым СледствиемкIэ и комитетым и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьам и гъащIэр лъэхъуэщым щигъэкIуэнкIэ мэхъу.

Лъы литр 20-м щIигъу

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм даIыгъащ «Зы гум къыбгъэдэкIыу адрейм хуэкIуэу» урысейпсо акцэр икIи хуэныкъуэхэм папщIэ лъы ятащ. Лъы щыхаш республикэ станцым екIуэлIащ Урысей гвардием щылажьэхэм ящыщу цIыху 40.

МЕДИЦИНЭ къэпщытэныгъэхэм, экспресс-анализ хэхам пхыкIа иужь дзэ къулыкъущIэхэм псори зэхэту ятащ лъы литр 20-м щIигъу

- Донору ущытыныр медицинэ Iуэху къызэрыгуэкIкъым, ар цIыхугъэшхуэщ икIи зэкъуэтыныгъэщ, дэIэпыкъуныгъэ нэсщ, - къыхигъэщащ донор Iуэхум пыщIа къудамэм и унафэщI АфIэунэ Майе.

ЩIыналъэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр щIэх-щIэхыурэ хэтщ лъы тын Iуэхухэм, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм ар и чэзум иратын папщIэ зыщIагъакъуэу.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Экспортымрэ ди зэфIэкIымрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым экспортымкIэ и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, дызэрыт илъэсым и япэ мазихым къриубыдэу хамэ щIыналъэхэм сатууэ ядищIам и куэдагъым проценти 3,6-кIэ, экспорт игъэкIуам - процент 1,4-кIэ хигъэхъуащ.

РЕСПУБЛИКЭМ нэхъыбэу сату зэдищI къэралхэм яхохьэ Куржыр, Узбекистаныр, Белоруссиер, Къэзахъстаныр, Къыргъызыр, Азербайджаныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым экспортым егъакIуэ щIыналъэм и мэкъумэш-промышленнэ комплексым, ерыскъымрэ ерыскъыхэкIхэм елэжь промышленностым, туризм IэнатIэм, бгы-лыжэ индустрием я продукцэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ.

Ди щIыналъэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэми зрегъэубгъу, УФ-м и ныбжьэгъу къэралхэм жыджэру япыщIащ. «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм республикэм Iэмал кърет и экономикэм зригъэужьыну, лэжьапIэщIэхэр къызэIуихыну, цIыхухэм я псэукIэр иригъэфIэкIуэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Есениныр ди щIыналъэм зэрыщыIар

Есенин Сергей и усэбзэ итхьэщIыкIам димыхьэх цIыху куэд щыIэ къыщIэкIынкъым. Усэхэм яхэтщ ар Кавказым щыIэу итхахэри. Европэмрэ Америкэмрэ къызэхикIухьа нэужь, Есениным 1924 - 1925 гъэхэм Куржыр, Азербайджаныр, Армениер зригъэцIыхуащ, а лъэхъэнэм и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр и творчествэм и лъагапIэу къалъытэ.

1924 гъэм Есениным Персием кIуэну зигъэхьэзырырт. Хамэ къэралхэм и щыпэкIуэу зэрыщымытым къыхэкIыу, ар тыншу къызэрехъулIэнум шэч къытрихьэртэкъым усакIуэм. Ауэ и мурадыр къезымыгъэхъулIар совет унафэщIхэрщ. Киров Сергей зэритхыжамкIэ, усакIуэр щIрамыгъэжьам и щхьэусыгъуэр абы лей къытехьэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэрт: «Есениныр яукIынкIэ дыгузавэри, Персием дгъэкIуауэ щытакъым, - хуитхырт Кировым усакIуэр кърищэкIыну унафэ зыхуащIа, «Баку гуащIэрэпсэу» газетым и редактор нэхъыщхьэ Чагин Пётр. - Баку шэи, Персием зэрыщыгугъа теплъэгъуэхэр и нэгум къыщIэгъэхьэ. Есениныр усакIуэфIщи, абы щыIэу къызэфIигъэщIыныр къехьэлъэкIынукъым».

УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм уриплъэмэ, Чагиным унафэр имыгъэзэщIауэ пхужыIэнукъым. «Персие пшыналъэ» зыфIища усэ Iэрамэр Есениным и усэ нэхъыфI дыдэхэм хабжэ. «Босфор сыщымыIауэ щытми, ар къызэфIэзгъэщIынщи, уи нэгум къыщIэзгъэхьэнщ», - хуитхащ езы Есениным и ныбжьэгъухэм я зым. «Зэи Босфор сыщыIакъым» усэр адыгэбзэкIэ Мысачэ Пётр зэридзэкIауэ щытащ:

СыщыIакъым сэ Босфор игъащIэм,
Абы папщIэ укъызэмыупщI.
Тенджыз къащхъуэр дыгъэ бзийм дэпщIыпщIу
ЩIэслъэгъуащ уи нитIым - сымыбзыщI.

УсакIуэр къыщалъхуа Константиновэ къуажэм къыщызэIуаха и музей-заповедникым и щIэныгъэрылажьэ Титовэ Ульянэ зэритхыжымкIэ, Кавказым Есениным и усыгъэм хищIыхьар Пушкинымрэ Лермонтовымрэ ейм куэдкIэ къыкIэрыхуркъым. «Баку и гур кIэрыпщIауэ, Куржым и псэр итхьэкъуауэ апхуэдэт усакIуэр. КавказщIыб республикэхэм зэрыкIуар Есениным и гъащIэм Iыхьэ щхьэхуэу хэуващ, тригъазэурэ щэнейрэ щыIащ ар а щIыпIэм, и тхэкIэм къызэрыхуэщхьэпэм езым гу лъитауэ, - итхыжащ Титовэм. - Тифлис а зэманым Кавказым и щыхьэр пэлъытэт, Европэмрэ Азиемрэ ирагъэщхьу, къалэр IыхьитIу ягуэшат. Куржым Есениным щызригъэцIыхуащ Табидзе Тициан, Апхаидзе Шалва сымэ».

«Есениным и тхэныгу гукъыдэжыр къызэгъэуш щIыпIэ хъуащ Кавказыр, и усэ нэхъыфI дыдэхэр щитхари мыращ», - игу къигъэкIыжырт Табидзе. «КъуэкIыпIэм и пшэплъыр» усэр итха нэужь, Есениныр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ кърашэкIын щIадзат, езыри итхахэм къахуеджэу, ныбжьэгъухэр къищIу апхуэдэт. А усэм Есениным хигъэхьащ цIыхугъэ къыхуэхъуахэу Лившиц, Ахобадзе, Лопатухин сымэ я цIэхэр. Вержбицкий - журналистым нэIуасэ хуэхъури, и унэм Iэпхъуауэ щытащ.

УсакIуэр цIыху къызэрыгуэкIхэм, тхьэмыщкIэхэм, факъырэ дыдэхэм, унэншэу щIыбым щыпсэухэм яхуэгумыгъуэу зэрыщытар езым и цIыху щIыкIэми къыхощ. Куржым щыщыIэм, Есениныр гъущI гъуэгухэм «къытращыпыкIа лъапцIэрышэ гупым» хашат. УсакIуэм сыт хуэдиз и псынщIагъми, цIыхуфIу зэрыщытар уи нэгум къызэрыщIигъэхьэм щхьэкIэ, Вержбицкэм и псалъэкIэ жытIэжынщ ар зэрыхъуар: «МафIэгу нэщIхэм, псыежэххэм я Iуфэхэм къыщатIа мащэхэм илъ, уэрамхэм щызэхуашэса сабий 50 хуэдиз щIэст Есениныр зыщIэтша пэшым. УсакIуэм бжэр иригъэузэщIыкIри, хахуэу яхыхьащ зи ныбжьыр илъэс 15-м фIэмыкI, фIамыщIымрэ уэрам сабэмрэ щIагъэнауэ, щыгъыныджэхэу, цIэм зэщIищтахэу зэхэс ныбжьыщIэ факъырэхэм. ИгъащIэ лъандэрэ яхэсам хуэдэу, езыхэр щепсыха пхъэбгъухэм щригъэкIуэтэкIри, захигъэзэгъащ. И лъакъуэр щIиупщIэри, а уэрамым къыщыхъуа гупым ящыщ хъуа уи гугъэнт. ЗанщIэу ядэуэршэрын щIидзащ, зэрепсалъэри я ныбжьэгъужьым хуэдэут. Езыри апхуэдэ дыдэу уэрамым зэрыдэлъар, зэрымэжэлIар, щIыIэм зэрисар, ауэ а гъащIэм къыхэкIыным тегушхуэу, усэ итхын зэрыщIидзар, иджы зыхэпсэукIын къызэрилэжьыр яжриIэжащ Есениным, зэрыщытри арат. Псалъэ къигъэщхьэпэхэр къызэрыгуэкI защIэти, фэрыщIыгъэ зэрыхэмылъыр уи нэм къыщIидзэрт, сабийхэм я дзыхьри ихьэхурт. Сыхьэт псокIэ дыщIэсати, зы цIыхум псалъэ пхъашэ къыжьэдэкIакъым. Бжэм нэс дыкъыщIашыжри: «КхъыIэ, иджыри къакIуэ», - жаIэу дыкъыщIэкIыжащ».

Есениным и усэхэр адыгэбзэм къизыгъэзахэм нэхъ къахэщыр Бемырзэ Мухьэдинщ. Адыгэ усыгъэм къыхэлыдыкIыу хэтщ «Отговорила роща золотая» жыхуиIэу абы зэридзэкIар:

Сэ ситщ си закъуэ тафэ пцIанэм и кум,
Кърэ гупри жьыбгъэм пшэхум ныхехьэж.
ЩIалэгъуэ дахэр сэ имыкIми си гум,
БлэкIам зыгуэркIи сыхуэмыпыхьэж.
СыщIэфыгъуэжкъым ещхьу зы жэщ-махуэм
ГугъапIэ нэпцIхэм гъэ хуэсщIам къурмэн.
Зэрыджэ плъыжьым хадэм щос и мафIэр,
АрщхьэкIэ лъэкIкъым зы игъэхуэбэн.

Тифлис щыIэху, Есениным цIыхухэм яIущIэрейуэ, гуащIэрыпсэухэм, журналистхэм епсалъэу, къалэм къыщызэрагъэпэщ литературэ зэIущIэхэм хэту апхуэдэт. А лъэхъэнэрщ усакIуэм Шаганэ зи цIэ ермэлы егъэджакIуэ хъыджэбзыр щызригъэцIыхуар. Абы къитэджыкIащ «Шаганэ, си Шаганэ» усэр.

Есениныр Абхъазми щыIащ, абы псалъэ дахэхэр хужиIащ: «Си ныбжьэгъухэ! Мы си нэгум щIэкI телъыджэр таурыхъ нахуапIэм ещхьщ. Абхъаз щIыналъэр жэнэтым хуэдэщ, ауэ мыбы щыпсэун хуейр гуэныхьыншэхэракъым, усакIуэхэрщ. Аращ, аращ, усакIуэхэрщ!»

Есениным и усэхэм ящыщу адыгэбзэм кърагъэзэгъахэм иужьрей илъэсхэм къахэхъуащ «Не жалею, не зову, не плачу» жыхуиIэу Брат Мурат зэридзэкIар, абы и пычыгъуэмкIэ тхыгъэр нэдгъэсынщ:

ГукъыдэжкIэ гъэхэр схуэмыупсэ,
БлэкIа гъащIэ, уэ сынопщIыхьа?
Зэ тепсэгъуэу къысхуепса дыгъэпсхэм
Шы плъыжь шууэ уэхым сытрихьаи.

Дызыхуэсакъыпхъэхэмрэ дызыщымыгъуазэу мыхъунухэмрэ

Интернетым пыщIа телефон зыIэщIэлъ дэтхэнэ зыри щыгъуазэщ абы узыхуейр къыщыбгъуэтын папщIэ, и IуплъапIэм ит къэлъыхъуапIэм псалъэ гуэр иптхэн зэрыхуейм. УФ-м и Къэрал Думэм а Iуэхугъуэм ухуэзыгъэсакъ хабзэщIэ бадзэуэгъуэм и кIэм къыхилъхьауэ щытащ: «экстремизмэм епха хъыбар интернетым къыщылъыхъуэн» - арат хабзэщIэм и проектым зэреджэр. УФ-м и Президент Путин Владимир бадзэуэгъуэм и 31-м абы Iэ щIидзакIэщ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы хабзэм ипкъ иткIэ, къэралым «экстремизм» зыфIища, мыхъумыщIагъэу къилъыта Iуэхугъуэм епха хъыбар къэзылъыхъуэ дэтхэнэ зыми тезыру сом мини 3 - 5-м нэс тралъхьэнущ. Апхуэдэ хъыбарегъащIэ хэщIапIэхэр хэIущIыIу, рекламэ зыщIым, абыхэм ихьэну къыхуезыджэ нэрыбгэм тезыру сом мин 50 - 80-м нэс тралъхьэнущ, къулыкъущIэхэм - сом мин 80 - 150-рэ, IуэхущIапIэхэм - сом мин 200 - 500.

Дауэ къызэрыпщIэнур «экстремист тхыгъэкIэ» узэджэ хъунумрэ абы химыубыдэмрэ? Сыт пщIэн хуейр, убэлэрыгъыу, мыхъумыщIэу къалъытэ интернет хэщIапIэм укъыщымыхутэн папщIэ? Сыт узэджэ, узэдаIуэ е узэплъ мыхъуххэнур? А упщIэхэм я жэуапым убгъуауэ тепсэлъыхьащ УФ-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Шадаев Максут.

Дыгъужьыр зэрыжаIэм хуэдэу шынагъуэкъым. Япэрауэ, хабзэм лэжьэн щыщIидзэнур 2025 гъэм фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэщ. ЕтIуанэрауэ, экстремист тхыгъэу, теплъэгъуэу, уэрэду е рекламэу къалъытэхэр убзыхуа хьэзыру утыкум илъщи, абыхэм химыубыдэ псоми зыщыбгъэгъуэзэну ухуитщ. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми и цIэр къытхуимыIуэну щытми, экстремизмэм ирапхыр IупщIщ: къэралыр зэпкърагъэхун мурад яIэу е абы къыхураджэу ящIэ псори. «Экстремизм» Iуэхугъуэм хабжэ:

- Конституцэр зэрахъуэкIыным къыхуебджэныр, Урысей Федерацэм иубыд щIыналъэр хъуэжын хуейуэ къэплъытэныр;
- терроризмэм къыхуебджэныр е апхуэдэу зыщIэхэр бгъэзэхуэныр;
- цIыхухэр къызыхэкIа лъэпкъым, я фэм е зэрахьэ диным елъытауэ зэпэщIэувэным къыхузэщIэбгъэстыныр;
- цIыху щхьэхуэр къызыхэкIа лъэпкъым, и фэм е зэрихьэ диным, зэрыпсалъэ бзэм елъытауэ, адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу бгъэувыныр;
- нацистхэм я дамыгъэхэр къэбгъэсэбэпыныр е апхуэдэм къыхуебджэныр.
- мыхъумыщIагъэу къалъытэ Iуэхугъуэм мылъкукIэ зыщIэбгъэкъуэныр;

«Экстремист Iуэхугъуэм пэщIэтын» хабзэм ипкъ иткIэ апхуэдэхэм хабжэхэр къэралым судкIэ хигъэщхьэхукIауэ щытщ, фIэщыгъэ 5473-рэ къызэщIиубыдэу. Абыхэм яхэтщ уэрэдхэри, тхылъхэри, интернет-ресурсхэри, видеохэри, сурэтхэри, къинэмыщI куэди. Псалъэм папщIэ, экстремист тхылъщ Гитлер Адольф и «Си гъащIэр» тхылъыр, Муссолини и «Фашизмэм и тегъэщIапIэр» жыхуиIэр, Геббельс и гукъэкIыжхэр, къинэмыщIхэр.

МыхъумыщIагъэ зэрихьэн мурад имыIэххэу, зэрымыщIэкIэ къыпэщIэхуа хэщIапIэ гуэрым «иджэрэзахэми» тезыр яхьын шынагъуэ щыIэу пIэрэ? «Быдэ и анэ гъыркъым» жыхуиIэращи, мыхъуну жыхуаIам пэIэщIэ зытщIмэ, нэхъыфIщ. Пэжщ, къулыкъущIэхэм ди гур тхуагъэфI, зэрымыщIэкIэ къыппэщIэхуам щхьэкIэ уамыгъэкъуэншэн хуэдэу жаIэу. Ауэ зэкъым, тIэукъым зэрызэхэтхар «сигу ирохь» дамыгъэ цIыкIур зэрытригъэувам, уеблэмэ ар зэрыIэщIэкIам папщIэ цIыхур ягъэкъуаншэу.

Къэралым хуит ищIыркъым Инстаграм, Фейсбук, Метэ цIыхубэ зэпыщIапIэхэр кьагъэщхьэпэу рекламэ ящIыныр, ауэ абыхэм зэрихьэ-зэрикIыж къудейр щIэпхъаджагъэу къилъытэркъым. Ди къэралым щымылэжьэж а зэпыщIапIэхэм ВПН программэр къэбгъэщхьэпэу уихьэ мэхъу, ауэ ар къэбгъэсэбэпу, экстремизмэм ирапхыфыну Iуэху блэжьмэ, ВПН къызэрыбгъэсэбэпами тезырыр нэхъ хьэлъэ ищIынущ.

АдэкIэ дытепсэлъыхьынщ фокIадэм и 1-м Урысейм къэрал унафэкIэ щаутIыпщыну «Макс» цIыхубэ зэпыщIапIэм и лэжьыгъэм. Мыбы и цIэр къызытехъукIар ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа министр Шадаевым и цIэ гъэкIэщIарщ: Максут - Макс. Иджыпсту къэрал IуэхущIапIэхэр зэрылажьэр Дуров Павел къызэригъэпэща «Телеграм» зэпыщIапIэрщ. ШыщхьэуIум и 15-м щегъэжьауэ псори хуэм-хуэмурэ «Макс»-м ягъэIэпхъуэнущ, абы епха унафэр Президентым ищIакIэщ, Мишустин Михаили тхылъымпIэм Iэ щIидзащ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, «Макс»-р хъыбар зэIэпыхыпIэ къудейуэ щымыту, дэфтэрхэри, мылъкури, лэжьыгъэ, егъэджэныгъэ Iуэхухэри щызекIуэ хэщIапIэу щытынущ, иджыри къэс нэхъ уэру къагъэщхьэпа «Ватсап»-м и пIэ иувэн хуэдэу. Иужьрейр зэхуащIыжыпэн хъыбар щыIэщ, ауэ Къэрал Думэм и IT-Комитетым и унафэщI Боярский Сергей зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ унафэ зэкIэ щыIэкъым.

Сыт апхуэдиз зэхъуэкIыныгъэр къызыхэкIыр жытIэу дыщIэупщIэмэ, жэуапыр зыщ: цIыхухэр мылъкукIэ къэзыгъапцIэхэр, мыхъумыщIагъэм хэзышэхэр ягъэмэщIэн е ягъэкIуэдыпэн папщIэщ. Хамэ къэралхэм щагъэлажьэ зэпыщIапIэхэр къэралым и шынагъуэншагъэр къагъэтIэсхъэн щхьэкIэ къызэрагъэщхьэпэрщ. Зэрылажьэм еплъын, къэгъэсэбэпыкIэм ирагъэсэн папщIэ, «Макс»-м къалэ, щIыналъэ щхьэхуэхэр пащIакIэщ. И лэжьэкIэр «Телеграм»-м ещхьщ, ауэ хуэдищкIэ нэхъ псынщIэщ. Зэманым декIур лIыфIщ щыжаIэкIэ, абыи зедгъэсэныр къытпэщылъщ.

Iуэху еплъыкIэ

Тхыдэшхуэ зиIэ Ислъэмей

«Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэм къытрадзэу щытащ республикэм и къуажэхэм ятеухуа очерк зэхуэхьэсыжахэр. Ислъэмей (Къызбрун-2) къуажэм теухуа апхуэдэ напэкIуэцIи къытехуауэ щытащ.

АБЫ щыгъуэ, Ислъэмей къуажэм и къежьапIэр, и тхыдэр убзыхуауэ, пэжу къэгъэлъэгъуа хъуауэ къэслъытэркъым. Иджы къыздэсми а тхыдэм теухуауэ газет зэмылIэужьыгъуэхэми, радиоми, телевиденэми къыщагъэлъагъуэхэмкIэ сыарэзыкъым, газетхэм я лэжьакIуэхэм я зэран абы хэмылъми. Сыхуейщ си къуажэ дахэшхуэм и тхыдэр тэмэму зэфIэувэжыну, си еплъыкIэми (къэпщытэныгъэр зи лъабжьэм) газетеджэхэр щыгъуазэ сщIыну.

Инал деж къыщежьа къэбэрдей пщы къуэпсщ Беслъэн Къейтыкъуэ и къуэ ПщыIэпщокъуэр. Абы и пщыгъуэр Шэджэмыпсым къыщыщIидзэрти, Псыжь нэсу щытауэ тхыдэм къегъэлъагъуэ.

Къейтыкъуэ ПщыIэпщокъуэ и къуэхэщ: Щоджэнокъуэрэ Къазийрэ. Щоджэнокъуэ и пщы къуэпсым дытемыпсэлъыхьу, адэкIэ дыкIуэнщ. ПщыIэпщокъуэ Къазий Къэбэрдейм и тхыдэм увыпIэ ин щиIэу щытщ («Къазий и Къэбэрдей» щыжригъэIаи щыIэщ). Къазий и бынхэщ: Ислъам, Щолэхъу, ХьэтIохъущыкъуэ, Мысост, Жамболэт (Жамбот).

Нэхъыбэм щыуагъэу къагъэлъагъуэ, жаIэ, къапсэлъ Ислъэмей къуажэм, абы цIэ хуэхъуар къызытекIар Къазий и къуэ Ислъаму, нэгъуэщIхэм ХьэтIохъущокъуэхэ къыхэкIауэ жаIэ, ислъам диным езыпхи яхэтщ. Ахэр пэжкъым, щыуагъэщ.

Къазий Ислъами, Къазий Щолэхъуи я гугъу тщIынкъым (ахэр тхыдэм куэду къыхэщыркъым, щIалэу дунейм ехыжагъэнущ). Къазий адрей и къуищым: ХьэтIохъущыкъуэ, Мысост, Жамболэт (Жамбот) я цIэхэр Къэбэрдей тхыдэм хэгъэщхьэхукIауэ къыхощ.

Гу лъытапхъэщ а щIалищым, абыхэм къатепщIыкIыжахэм Къэбэрдеишхуэр пщы пашэу (пщы нэхъыжьу, пщы уэлийуэ) илъэс щитIым нэблагъэкIэ зэрахьауэ зэрыщытам.

Къэтщтэнщи, Къазий ХьэтIохъущыкъуэ деж къыщыщIедзэ ХьэтIохъущыкъуэ (Аталыкъ) пщы къуэпсым. Абы зыужьыныгъэшхуэ иратащ ХьэтIохъущыкъуэ и бынхэм: Кургъуокъуэ, Адэлджэрий, Мыхьэмэт (БэмэткIи йоджэ), Исмэхьил, абыхэм я быныжхэми. Абыхэм языхэзми куэдрэ утепсэлъыхьыфынущ. А пщы къуэпсым и цIэр, и къежьапIэр ямыхъуэжу къекIуэкIащ икIи зэрахьащ.

ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэрэ ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэтрэ (Бэмэтрэ) ХьэтIохъущыкъуей, Зеикъуэ къуажитIым я къежьапIэм хэтауэ къэбгъэлъагъуэми белджылыуэ, пэжу къызолъытэ.

ХьэтIохъущыкъуэ и къуэш Къазий Мысост и деж къыщыщIедзэ Мысостей пщыгъуэм. Ар занщIэу нэгъуэщI пщы къуэпсу ябж, я мылъкури, ящIри зэхэхауэ щытщ.

Мысост и бынхэщ; Ислъам, Алий, ХьэтIэхъущокъуэ, Бахътыджэрий.

Мысост и къуэ Ислъамщ Ислъэмей къуажэр, Фэндыкъуэ щежэх Кыщпэк псы Iуфэм япэу щызыгъэтIысар. Ислъам 1672 гъэм къалъхуащ (и цIэри къыщалъхуам фIащащ).

Къэбэрдейм ислъам диныр тепщэ хъун щыщIидзар 1703 гъэрщ, иужьыжкIэщ. Ислъамыпщым теухуа хъыбархэр куэд мэхъу, Ислъэмей къуажэм и хъыбархэри мащIэкъым.

Къазий Жамболэт (Жамбот) и пщы къуэпсыр нэгъуэщI хъыбарщ.

Сэ сызытепсэлъыхьа зэманым и хабзэмкIэ цIыхум и адэм и цIэр унэцIэ хуэхъужу щытащ.

КЪАЗДЭХЪУ Олег.

● Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ

ГъущI гъуэгукIэ ягъэIэпхъуэ

Кавказ Ищхъэрэм гъущI гъуэгухэмкIэ и управленэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и мэкъуауэгъуэм кърихубыдэу гъущI гъуэгукIэ хьэлъэу тонн мин 57-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэIэпхъуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм ебгъапщэмэ, процент 23,3-кIэ нэхъыбэщ ар.

ГЪУЩI гъуэгукIэ ягъэIэпхъуам щыщу тонн мин 53-р ухуэныгъэ материалхэрщ е хьэлъэ псоми я процент 28,3-р.

Дызэрыт илъэсым и япэ мазихым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и станцхэм хьэлъэу щралъхьам и куэдагъыр тонн мин 270-рэ хъуащ - нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 1,2-кIэ нэхъыбэ. Псори зэхэту ягъэIэпхъуам щыщу тонн мин 245-р ухуэныгъэ материалхэрщ.

Насыпыншагъэхэм щахъумэу

ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль гъуэгухэмрэ уэрамхэмрэ зэрырагъэфIакIуэм къыдэкIуэу, ахэр иджырей уэздыгъэхэмкIэ къагъэнэху, абы щызекIуэхэми я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща мэхъу.

РЕСПУБЛИКЭМ иджыпсту щрагъэкIуэкI гъуэгу лэжьыгъэхэм хыхьэу псори зэхэту километр 20-м щIигъу зи кIыхьагъ щIыпIэхэм иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ. Абы къызэщIрагъэубыдэнущ Александровскэ, Дей, Курп Ищхъэрэ, Ташлы-Тала, Нейтринэ, Сэрмакъ, Каменкэ жылэхэр. Гъуэгубгъухэм иджыпсту щагъэув иджырей уэздыгъэхэм жэщым гъуэгум щызекIуэхэр нэхъыфIу уагъэлъагъу икIи абы мыхьэнэшхуэ иIэщ машинэ, цIыху куэд щызэблэкI щIыпIэхэм дежкIэ.

Гъуэгу лэжьыгъэхэм хыхьэу 2025 гъэм щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгуу псори зэхэту километр 40-м щIигъу зи кIыхьагъри къагъэнэхунущ. Абы хиубыдэнущ Терекскэ, Щхьэлыкъуэ, Котляревскэ, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэмрэ Тэрч, Нарткъалэ, Май къалэхэмрэ. ГъущIым, гъущIымрэ бетонымрэ къыхэщIыкIа пкъохэр, трансформатор подстанцхэр, кронштейнерхэр, шкафхэр а щIыпIэхэм щагъэувынущ, светодиод уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, ток кIапсэхэр Iэтауэ щаукъуэдиинущ, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри щрагъэкIуэкIынущ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, мы гъэм къриубыдэу псори зэхэту километр 62-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгухэр къызэщIагъэнэхунущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Пасэрей персхэмрэ адыгэхэмрэ

XVI лIэщIыгъуэм Шах Аббас (1588 - 1629) Кавказым щыщ цIыху минхэр Персием игъэIэпхъуауэ щытащ: куржыхэр, ермэлыхэр, шэрджэсхэр. Ди лъэпкъэгъухэм иран тхыдэм къыщана лъэужьхэм дриплъэжрэ пэт, дызыщымыгъуазэ куэд къэтщIащ.

Куржыуэ, ермэлыуэ, адыгэу цIыху бжыгъэшхуэ Исфахан дэтIысхьауэ щытащ 1603 - 1605 гъэхэм. А щIыпIэр къэралыгъуэм и гъунапкъэти, хабзэ зэрыхъуауэ, къарукIэ зыщыгугъхэрт абдежым щагъэтIысыр, тыркухэр къатеуэнкIи зэрыхъунум хуэхьэзырын папщIэ. Ахэр Азербайджаным и ищхъэрэкIэ къыщылъ щIыхэм щыхэшыпсыхьыжауэ къалъытэ. ИтIани, зи цIэ хуабжьу Iуахэр къызыхэкIар ягу къонэж. XVI лIэщIыгъуэм икухэм деж шах Тахмасб и тепщэгъуэм и кум щегъэжьауэ, сулътIан Кадабанд Мэхьмуд и лъэхъэнэм пщIондэ шах сэрейм Перихъан Ханум адыгэ бзылъхугъэм и цIэр ину щыIуауэ щытащ. Ар шах Тахмасбрэ абы и адыгэ щхьэгъусэмрэ япхъут.

XVII лIэщIыгъуэм и кум щIыналъэм щепсыхауэ щытащ дунеяплъэ цIэрыIуэхэу Пиетро делла Вадде (1621), Герберт (1627), Тавернье Жан-Батист (1655), Де Тевено Жан (1665), Фрайер Джон (1677) сымэ. Абыхэм къагъэна тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, Сэфэвидхэм я тепщэгъуэм хиубыдэ лъэхъэнэм перс жылагъуэм пщIэ зиIэ адыгэ куэд хэтащ. Абыхэм гъэру яубыдахэри, хагъэзыхьу щIыпIэм къашахэри яхэту.

1540 - 1553 гъэхэм я зэхуакум шах Тахмасб Кавказым плIэнейрэ зекIуэ зыбжанэ иутIыпщауэ щытащ. Ахэрщ Персием иужькIэ щыбэгъуа куржыхэри, ермэлыхэри, адыгэхэри гъэру къэзышар. Гъэрхэм я нэхъыбэр цIыхубзрэ сабийрэт, ахэр сэрейм щIагуэшащ. ЦIыхухъухэр сэрейм пщылIу къащтащ. ЦIыхубз языныкъуэхэр шаххэмрэ абыхэм я къуэхэмрэ щхьэгъусэ яхуэхъуащ. Шах Тахмасб Кавказым щыщу щхьэгъусэ зыбжанэ иIащ. Абы и къуибгъум ящыщу 5-м я анэхэр Кавказым щыщт - плIым я анэр куржыт, зым ейр адыгэт. Зэман дэкIыу, шах Тахмасб дунейм ехыжа нэужь, а псори къару зыбжанэ зэрыгъэхъури, тепщэгъуэр зэпаубыдауэ щытащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, сэрейм епха псоми гуп-гупу загуэшат, дэтхэнэ зыми шах къабгъэдэкIыныр зыхуагъэфэщэжу. Абыхэм язу арат ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Перихъан Ханум и гупыр. Адрей шахым ипхъухэм елъытауэ нэхъ губзыгъафэ ираплъу, и Iуэху еплъыкIэм пщIэ иIэу щытауэ жаIэ Перихъан. И анэ дэлъхум и къуэм иратыну и гущэкъу ирабза щхьэкIэ, а нэчыхьыр ятхатэкъым, абы къыхэкIыу, хъыджэбзыр и адэм и гъусэ зэпытти, Iуэху зегъэкIуэкIэми нэхъыфIу хищIыкIырт.

Перихъан, абы и дэлъху Сулеймэн Мырзэ, и анэ дэлъху Шамхал СулътIан сымэ я пашэу, адыгэ гуп щызэрыубыдат сэрейм. Перихъан и сэрей Iыхьэр апхуэдизкIэ инти, Шах Аббас тепщэгъуэр иубыда нэужь, тажыр щыщхьэратIагъэ махуэм ар къигъэсэбэпауэ щытащ. Шахым и хьэрэмым бгъурыт хадэр зэрыпэгъунэгъум къыхэкIыу, езы Перихъан Ханум сэрейм хуиту щIыхьэрт.

Перихъан Ханум тIэунейрэ къэрал тепщэгъуэр пIалъэкIэ IэщIэлъащ. Япэу ар къыщыхъуар и адэ шах Тахмасб дунейм щехыжа 1576 гъэрщ. Перихъан абы щыгъуэ Исмэхьил ЕтIуанэм сэбэп хуэхъуауэ щытащ Хьэйдар Мырзэ хуагъэфащэ тепщэгъуэр къыIэщIигъэкIыным. Шах Тахмасб адрейхэм нэхърэ нэхъыфIу илъагъур Хьэйдарт, абы и анэр куржыт, унафэр зыIэщIалъхьапхъэри арат. АрщхьэкIэ Перихъан Ханум сэрейм и IункIыбзэIуххэр и анэ дэлъху Шамхал СулътIан иритщ, абы унафэ псори зыIэщIалъхьэщ, сэрейм зэуэ адыгэ щIалэ 300 щIашэри, Сулейман Мырзэ и адыгэ пщылI гуэрым Хьэйдар Мырзэ ирагъэукIауэ щытащ.

Ауэрэ текIуа гупым тетыгъуэр зыIэщIалъхьа Исмэхьил ЕтIуанэм Перихъан Ханум сэрейм щилъагъуну хуэмейуэ къыщIокI, езыр тезыгъэува «адыгэ партми» зэрыщышынэм къыхэкIыу, ахэр и натIэм иригъэкIыну мурад ещI. Перихъан Ханум щIэупщIэн зи хьэл эмирхэм шахым щIагъыбзэ псалъэ яхуигъэхьащ «цIыхубзыр къэрал унафэм къызэрыхэIэбэм пащтыхьым и напэр зэрытрихыр» къыхигъэщу. Абы и ужь Перихъан кIэлъыкIуэн щагъэтауэ щытащ дзэзешэхэм. ЦIыхубзым къепщIэкIа «адыгэ гупыр» зэбгрихуащ тетыгъуэр иужькIэ зыIэрыхьа Худэбанд Мухьэмэд. Гэзвин къалэм дыхьэу тепщэгъуэр щиубыдын хуей махуэм абы унафэ ищIащ Перихъан гуащэмрэ абы и анэ дэлъху Шамхалрэ яукIыну. Унафэр ягъэзэщIащ. ИужькIэ, Перихъан зэрыщымыIэжым къыхэкIыу, адыгэхэм сэрейм щаIа пщIэм кIэрыхуащ, ауэ зэи кIуэдыжыпакъым.

Сэфэвидхэм я лъэхъэнэм иужькIэ адыгэхэм я хъыбар щIагъуэ къэIужакъым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, абы иужькIэ адыгэ мамлюкхэри къашэн щагъэта къыщIэкIынщ Иранм. Ауэ иран тепщэхэм адыгэ цIыхубз бжыгъэшхуэ зрашэлIауэ щытащ Къэжэрхэм я лъэхъэнэм (1795 - 1925).

Нобэ Ираным къина адыгэхэр Шэрджэс район жыхуаIэ Дезкорд щIыпIэм щыIэщ, я теплъэкIэ къахэщу, ауэ иран хабзэм тету. Хуэгъэфэщауэ абыхэм я бжыгъэр мин 50 хуэдиз хъунщ, ауэ лъэпкъ плъыфэ гуэр къызытенар зы минитху къудейщ, кIуэ, бжыгъэ пыухыкIа утыку къипхьэн папщIэ, къэхутэныгъэщIэхэр егъэкIуэкIын хуей къыщIэкIынщ.

«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

ПщIэ щIамыту загъэхъуж

УФ-м и Соцфондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм федеральнэ льготэ зиIэу цIыху 540-мрэ абыхэм якIэлъыплъ я Iыхьлыхэмрэ дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ санаторэхэмрэ курортхэмрэ я путевкэхэр пщIэншэу яритащ.

РЕСПУБЛИКЭМ узыншагъэм щыкIэлъыплъ, щызэтрагъэувэж и апхуэдэ IуэхущIапIэхэм ямызакъуэу, къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэм щыIэхэми ди цIыхухэр ягъакIуэ, абыхэм япкърыт узыфэхэм елъытауэ. ПщIэ щIамыту гъущI гъуэгухэмкIэ зекIуэну хуитыныгъэ зиIэхэм хеубыдэ ныкъуэдыкъуагъэкIэ 1-нэ гупым хыхьэхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэр, абыхэм якIэлъыплъхэр.

Санаторэхэмрэ курортхэмрэ махуэ 18-кIэ зыщагъэхъужыну хуитщ балигъхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэм махуэ 21-рэ ират. Зи щхьэ, тхы куцIхэм фэбжь ягъуэтахэм махуэ 30 яIэщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, путевкэхэмрэ гъуэгупщIэхэмрэ пщIэ щIэзымытынухэм хиубыдэр къэрал дэIэпыкъуныгъэм хыхьэу социальнэ Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр зыхуащIэну льготэ зиIэхэрщ. Соцфондым и щIыналъэ къудамэм абыхэм я уасэр хуитынущ, мис а социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я пIэкIэ ягъэува ахъшэ компенсацэр къыхамыхауэ щытмэ.

Санаторэхэм, курортхэм зыщызыгъэхъужыну мурад зиIэхэм лъэIухэр Соцфондым щIалъхьэн хуейщ, 070/у медицинэ справкэмрэ паспортымрэ и копиемрэ дэщIыгъуу. «Госуслуги»-м и порталри къагъэсэбэп хъунущ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Кавказым ис щIалэгъуалэр зэкъуоувэ

Налшык дэт ЩIалэгъуалэм я унэм бадзэуэгъуэм и 31 - шыщхьэуIум и 3-хэм щекIуэкIащ «Кавказ зэкъуэт» медиазэхуэсыр. Абы зэхуишэсащ блогерхэр, журналистхэр, пресс-IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэр къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ «ТАСС Кавказ» РИЦ-мрэ. Зэхыхьэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ и саугъэтыр зыхуагъэфэща Хьэмгъуокъу Оксанэ.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыпсэлъащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр Лу Азэмэт, хъыбарыщIэхэмкIэ мастерскойм и унафэщI Канавцев Михаил, «Национальные приоритеты» IуэхущIапIэм и хэщIапIэм и унафэщI Ефремовэ Надеждэ, «ТАСС Кавказ» РИЦ-м и унафэщI Гаджибалаев Низами, жылагъуэм я зэпыщIэныгъэмрэ зэпсэлъэныгъэмрэ ятеухуа Iуэхухэм КИФЩI-м зыщегъэужьынымкIэ «Диалог Регионы» IуэхущIапIэм и унафэщI Павленкэ Артём, «Кинокавказ-2018», «Грач» кинофестивалхэм щытекIуа Бэрбэч Болэт.

Лу Азэмэт зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIа хьэщIэхэм фIэхъус ярихри, жиIащ илъэс зыбжанэ хъуауэ къызэрагъэпэщ мы Iуэху щхьэпэм и гуапэу зэрыхэтыр. Нэгъабэ щIалэгъуалэ туризмэм зэрызрагъэужьынум тепсэлъыхьащ. Иджырейр траухуащ щIалэгъуалэм я Iуэхухэр хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм щыпхыгъэкIыным, цIыхубэр зыгъэгузавэ, дэзыхьэх Iуэхухэр къалъытэу, тхыгъэхэр гъэхьэзырыным епхахэм.

- Кавказым ис щIалэгъуалэм я акъылыр ягъэутхъуэну зэрыхэтыр ди нэгу щIокI. Абы зэрытхузэфIэкIкIэ дыпэщIэтын хуейщ. ЩIэблэм я гъэсэныгъэм гулъытэ хуэщIын, щIалэгъуалэ Iуэхухэр пхыгъэкIын хуейщ, - жиIащ Лу Азэмэт. - Кавказым и щIыналъэхэм ди зэпыщIэныгъэм, зэныбжьэгъугъэм зедгъэубгъун, ди ехъулIэныгъэхэр, фIагъхэр хэIущIыIу тщIын папщIэ, Кавказым исхэр зэщIэзыгъэуIуэ зы хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэ къызэгъэпэщын хуейщ. ЩIалэгъуалэм яхуэгъэза хъыбархэр я ныбжь, дэзыхьэх Iуэху елъытауэ, бгъэдыхьэкIэ къахуэгъуэтауэ я бзэкIэ ягурыгъэIуапхъэщ.

Гаджибалаев Низами иригъэкIуэкIащ Кавказым щыпсэу щIалэгъуалэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр, Интернет Iэмалхэр къагъэсэбэпу, я Iуэхухэр зэрыпхагъэкIынум теухуа зэхыхьэр. ЩIалэгъуалэм я деж хъыбархэр зэрынахьэсыну щIыкIэм, ТАСС-м и лэжьыгъэм теухуауэ ар зытепсэлъыхьахэр зэхуэсахэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ.

ЗэIущIэм хэта щIалэгъуалэр ныбжьэгъу зэхуэхъуа къудейкъым, атIэ зэдэлэжьэну, я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ хъыбарыщIэхэмкIэ зэхъуэжэну, зыIууэ лъэпощхьэпохэм зэдыпэщIэтыну зэгурыIуащ.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъахэр зэхуэсахэм ядэгуэшащ я лэжьыгъэм зыщрихьэлIэхэм теухуа Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмкIэ икIи щIалэгъуалэм я упщIэхэм жэуап иратащ. Апхуэдэт щIыналъэхэм я интернет напэкIуэцIхэм Iэ щIэзыдзхэр къыдэхьэха, абыхэм я бжыгъэм хагъэхъуа зэрыхъунур, нейросеть, интеллект IэрыщI Iэмалхэр ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ къызэрагъэсэбэпым хэлъ фIагъхэмрэ мыхъумыщIагъэхэмрэ. ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм шэч къытрахьэркъым зэхуэсым хыхьэу екIуэкIа мастер-классхэмрэ лекцэхэмрэ къыщаIэтахэр Кавказ Ищхъэрэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зегъэужьынымкIэ щхьэпэ зэрыхъунум.

Зэхыхьэм хэтахэм зыхагъэгъуэзащ «ТАСС Кавказ» хъыбарегъащIэ центрым и щIыналъэ къудамэу Пятигорск къалэм щыIэм и лэжьыгъэм, щIэныгъэхэмкIэ «Мэшыкъуэ» центрым, Налшык къалэм и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхьащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Щыху зэчифIэхэр

Гъуазджэр зи псэм хэлъ Къанкъул Ислъам

Бзэмрэ хабзэмрэ гурэ псэкIэ зыхэпщIэмэ, лъэпкъым теухуауэ куэд пхузэфIэкIынущ. Ауэ ар къызэщIэбгъэтIэсэн щхьэкIэ, уи гум илъ къудейкIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым, адэкIэ зэрыбгъэкIуэтэн Iэмал къэплъыхъуэн хуейщ.

Псэ зыIуту къигъэщI дэтхэнэ цIыхуми гъащIэм лъагъуэ гуэр щыпхеш. Апхуэдэщ, анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу, куэдым къацIыхуа, Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къамылыкъуэ къуажэм къыщалъхуа, актёр-режиссёр Къанкъул Ислъам.

Къанкъулым и лэжьыгъэр нэхъыбэу иджыпсту зытегъэпсыхьар педагогикэмрэ кино техынымрэщ - Адыгэ дуней лъэпкъ фондым илъэситху ипэкIэ къызэригъэпэщауэ щыта «Сыринэ» щIалэгъуалэ театрым хэт ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэщ. Абы къищынэмыщIауэ, «Дыгъафlэ къалэ» уардэунэм щиIэ актёр студием сабийхэр а IэщIагъэм щыхегъэгъуазэ. Ислъам упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэзгъэзащ.

- Ислъам, уи IэщIагъэр уэ езым пфIэфIу къыхэпха хьэмрэ зыгуэрым лъагъуэ пхуищIа?

- ЕплIанэ классым сыщыщIэс лъандэрэ мы IэщIагъэр къыхэсхауэ жыпIэ хъунущ. А лъэныкъуэмкIэ япэ дыдэу щапхъэ схуэхъуауэ къэслъытэр музыкэмкIэ ди егъэджакIуэу щыта Тау Светэщ. Абы зы махуэ гуэрым унэ лэжьыгъэ къыдитат, уэрэд цIыкIу, и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху зэдгъащIэу, жытIэжын хуейуэ. Егъэджакiуэм зырызыххэу дикъыдишырти, щхьэж зригъэщIар жыдигъэIэрт. Си чэзур къэсри, «сэ уэрэд схужыIэнукъым, ауэ цIыхум зыпысщIыжыфынущ», - щыжысIэм, ар фIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Зыгуэрхэм запысщIыжурэ, классым щIэсхэр згъэдыхьэшхат. Зэхезгъэхар си гъэсакIуэм и гум зэрырихьар къызжиIащ. ИтIанэ Щэнхабзэмкiэ унэм сишэри, абдежми зыкъыщызгъэлъэгъуащ. Къызэплъахэр нэфIэгуфIэу къызэрысхущытымкIэ къызгурыIуащ я гум сызэрыдыхьар.

- Апхуэдэу цIыхум запэпщIыжыным дауэ удихьэхат, абы фIэкIа ныбжь уимыIэу? ТелевизоркIэ е радиокIэ къатхэм къыхэпхат?

- ЦIыхум запэсщIыжынымкIэ «хэшапIэ» схуэхъуар си анэм кърата видео-кассетэрщ. Абы тета спектаклым сеплъа нэужь, абы гъэщIэгъуэн къысщыхъуа и зы пычыгъуэм зыпысщIыжу си анэм зэрезгъэлъэгъуауэ щытар сощIэж. Мамэ ар ди дежхэм псоми яжриIащ, икIи си адэми адрей ди Iыхьлыхэми къыздаIыгъащ, сагъэгушхуащ.

«Уэ зыгуэр къыпхэкIынущ» къызжаIауэ щытащ. ЗэрыжысIащи, абы щыгъуэ еплIанэ классым сыщIэсу арат. Абдеж щыщIэздзэри, сыт хуэдэ Iуэху къуажэм щекIуэкIами жыджэру сыхэтащ. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэхуэсхэм сытым щыгъуи зыкъыщызгъэлъэгъуащ. Усэхэм дахэу сыкъыщеджэрт, псысэхэм сытепсэлъыхьыжын сфIэфIт, псынщIэрыпсалъэхэри си жагъуэтэкъым, зэныбжьэгъухэр къуажэхьрэ псалъэжькIэ дыщызэпрагъауи щыIэт. Къуныжь Алимрэ Думэн Мурадинрэ я гушыIэ цIыкIухэр щыжысIэрт. Ахэр псори си псэм хэлът, си гум дыхьэрт. Си анэдэлъхубзэр зэрызгъэбзэрэбзэным сыхущIэкъурт. ЗыгъэлъэгъуапIэм сыкъыщихьэм деж, си гур хэхъуэрт, къызэплъхэм я псэм сызэрыдыхьэным яужь ситт. СыщыцIыкIуами ахэр къызгурыIуэрт, псэкIэ зыхэсщIэрт.

- ДызэрыщыгъуазэмкIэ, Ислъам, курыт школым ебгъуанэ классым укъыщIэкIри, ГъуазджэмкIэ еджапIэм ущIэтIысхьащ. АдэкIэ дапхуэдэу уи Iуэхухэр къызэрекIуэкIар?

- 2007 гъэм ебгъуанэ классыр къыщызухам, балигъыпIэ сиувауэ зыкъысщыхъужат. ГъуазджэмкIэ еджапIэм сыщIэтIысхьэну сыщыкIуам, зы къаруушхуэ гуэрым си пкъыр зэщIиIэтат. А зэманым а еджапIэм ущIэтIысхьэн папщIэ, птын хуей экзаменыр хъарзынэу зэфIэзгъэкIри сыщIэхуащ. Ар къэзухмэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэзгъэгъуэтыну си мурадти, ари зэзгъэхъулIащ. Институтым и еплIанэ курсым сыщIэсу, урыс драмтеатрым срагъэблагъэри, роль зэмылIэужьыгъуэхэр щызгъэзащIэу илъэс 11-кIэ абы сыщылэжьащ.

ИужькIэ зи спектаклхэр ди лъэпкъыбзэмкIэ зыгъэув «Сыринэ» щIалэгъуалэ театрым и къызэгъэпэщакIуэхэм срагъэблэгъащ, ныбжьыщIэхэр утыкум дахэу щыджэгуным, апхуэдэуи я нэхъ мащIэрауэ, зыхащIыкIыпхъэхэм хуезгъэсэфын папщIэ.

КъимыдэкIэ, театрым и лэжьакIуэхэмрэ кино тезыххэмрэ я зэгухьэныгъэхэм сыхэтщ. Абыхэм къищынэмыщIа, «Езым и кино» («Авторскэ кино») фIэсщу къызэзгъэпэщауэ, пычыгъуэу зэхэт, цIыхум гъэщIэгъуэн дыдэ ящыхъу теплъэгъуэ цIыкIухэр тызох - сэ езым стхыми, ди тхакIуэхэу Къардэнгъущ Зырамыку, Шэджыхьэщ Хьэмыщэ, Дудар Хьэутий, IутIыж Борис сымэ я Iэдакъэм къыщIэкIа тхыгъэхэм къыхэсхми, зы пычыгъуэ хъу гушыIэ кIэщI. Япэ дыдэ тесха художественнэ фильмым «Сломанная жизнь» фIэсщащ.

УсакIуэ щэджащэ ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэм теухуауэ артист цIэрыIуэ Мысостышхуэ Пщызэбий итхауэ щыта «ЛIэгъуэджэ» сценарийр «Адыгэ псалъэ» газетым сыкъыщеджэри, абы къыщыгъэлъэгъуа, си гур зыгъэпIейтея Iуэхугъуэм художественнэ фильм къыхэсщIыкIащ икIи «Россия-1» телеканалым къыщызгъэлъэгъуащ.

«Сломанная жизнь» фильмым къыщытхьа теплъэгъуэхэм ящыщ зыр Интернетым къисхащ. НыбжьыщIэм къыщыщIа Iуэху мыщхьэпэм и гъащIэр зэрызэхигъэзэрыхьар си гум хыхьати, сценарийм сыхэлэжьыхьыжщ, урысыбзэр адыгэбзэкIэ зэздзэкIри, киноуэ къыдэзгъэкIауэ щытащ. Абы, ди адыгэ республикищым къищынэмыщIа, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри еплъащ икIи куэд зыгъэпIейтеяуэ зэхэтхыжащ. А теплъэгъуэм пысщэу, сэ езым си сценарийкIэ «Унагъуэ» зыфIэсща художественнэ фильми тесхащ. Ар иджырей зэманым адэ-анэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я гъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм теухуащ, абыи цIыху куэд еплъащ. ИужькIэ, серитху хъу художественнэ фильм, «10 класс» и фIэщыгъэу, тесхащ. Абы щыджэгуащ «Сыринэ» щIалэгъуалэ театрым хэт ныбжьыщIэхэр. Сериалыр зытеухуар школым кIуэ сабийхэм я гъащIэм къыщыхъу Iуэху мыщхьэпэхэрщ.

- Бзэм, хабзэм зебгъэужьыну, лъэпкъым зыгуэркIэ ухуэщхьэпэну ухущIэкъумэ, хущIыхьэгъуэ умыгъуэту узытелэжьыхьын бгъуэтынущ.

- Сэ зэи си Iэр зэтедзауэ сыщысыфынукъым, зы щIэ гуэр къэзмыгупсысу – «Подкаст тIэкIу» и фIэщыгъэу Интернетым и зы напэкIуэцIым къыщызэзгъэпэщауэ, цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэм тызогъэпсэлъыхь. Къезгъэблагъэхэр щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, куэдым хэзыщIыкI цIыху гуащIафIэхэрщ. Зи гугъу тщIыр гъэсэныгъэмрэ лэжьыгъэмрэщ, балигъымрэ сабиймрэ яку дэлъын хуей зэхущытыкIэрщ, бзэмрэ хабзэмрэ ящымыгъупщэу, я псэм хэлъу щIэблэр къызэрытэджынырщ. Уэршэрэгъу схуэхъуамрэ сэрэ дызытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэр адыгэ куэд зэрыс Интернет напэкIуэцIхэм къызолъхьэж. Ахэр цIыхум я гум дыхьауэ щызэхэсхыжым деж, си лъэр нэхъ жан мэхъу, лъэпкъым папщIэ злэжь Iуэхум нэхъри зэрыхэзгъэхъуэным сыхущIокъу. Мы иужьрейр иджы дыдэщ щезгъэжьар.

- Ислъам, щIалэгъуалэ узыдэлажьэхэмрэ уэрэ дауэ фызэгурыIуэрэ?

- Сэ абыхэм я ныбжьым сызэритар зэи зыщызгъэгъупщэркъым. Псори къыдэхъуапсэу дызэгурыIуэу дызэрыщытын хуейр япкърызогъэшыпсыхь. Си макъыр ину яхудэсшейркъым, «дахэм къимышэ Iейм къишэнукъым» жыхуиIэ псэлъафэр си гъуазэщ. УпщIэкIэ зыкъысхуэзыгъазэIамэ, жэуапыншэ зэрызмыщIыным яужь ситщ. Къапщтэмэ, я унагъуэм щекIуэкIхэми щыгъуазэ сыщащIи щыIэщ. Я адэ-анэхэм жрамыIэфыр къыщызбгъэдалъхьи къохъу.

- ФIыщIэ пхузощI, Ислъам, уи лэжьыгъэм зыкъыдэбгъахуэу, укъызэрызэпсэлъылIам папщIэ. Дяпэкlи мурад пщIыхэр къохъулIэу, лъэпкъым хуэщхьэпэн Iуэхухэр блэжьу Тхьэм куэдрэ уигъэпсэу!

- Узыншэ Тхьэм уищI, Рае. Сэ «Адыгэ псалъэ» газетыр сызэрыцIыкIурэ си Iэпэгъущ. Абы къизджыкIахэм ящыщ, ищхьэкIэ зэрыщыжысIащи, къэзгъэсэбэпащ. Адыгэпсэ дунейм тетыху, а ди газетыр адыгэ лъэпкъым хуэлэжьэну си гуапэщ.

НЭЗРЭН Раисэ.

• Гъэщlэгъуэнщ

Мэхэм я зэщIэжьыуэ

Дыхумэр ирапх гукъыдэжым, гукъэкIыжым, гухэлъым, цIыху щхьэхуэм... Куэдым... куэдым. Щхьэж и хьэл-щэным, игу ирихь гъэгъам, фIыуэ илъагъу зэманым - куэдым трещIыхь цIыхум дыху къыщыхихкIэ. Къапщтэмэ, дыху зэхэзылъхьэхэм телъыджэ гуэру зыхащIэу къыщIэкIынущ мэхэр зэхэзагъэу зэрызэхалъхьэнур. Дыхуми езым и хабзэ, и тхыдэ, и къэгъэщIыкIэ иIэжщ.

ДЫХУР Пасэрей Мысырым къыщыунэхуауэ къалъытэ. Абы япэу щызэхалъхьа дыхухэр дагъэу ирагъахъуэрт. Хуэкъулейхэм зыщахуэхэм халъхьэрт лимоным, бэрэтIинагъуэм (мята), анисым къыщIахуа дагъэ. КъызэрыгуэкIхэм зыщахуэм халъхьэ хабзэт касторым, тимьяным, душицэм я дагъэр. Дагъэу зыщамыхуэу, псыуэ зытракIэ япэ дыхум фIащауэ щытащ куphi (кифи). Абы къыхихырт фом, шэфраным, къуэрэдэрэм (можжевельник), миррэм, шагъырым я мэр. Япэрей дыхухэр кумбыгъэ гъэщIэрэщIа дахэхэм щахъумэрт. Кумбыгъэхэм тхыпхъэ зэхуэмыдэхэр хащIыхьырт елIалIэу. Бзылъхугъэхэм я щхьэцхэр зэрагъэщIэращIэ дыху - пирамидэ цIыкIухэр щыIэт. Ахэр дагъэм къыхэщIыкIати, Мысырым и хьэуа пщтырым хуэму игъэткIурт, апщIондэхуи, мэ гуакIуэ къыпихырт. А мэр махуэ псокIэ къакIэрихырт бзылъхугъэхэм.

Дыхумэ гуакIуэхэмкIэ ерыщу щытащ Нефертити. Псом хуэмыдэу фIыуэ илъагъурт жасминым и мэр. Мысыр пащтыхь гуащэ Клеопатрэ нэхъыфI дыдэу илъагъурт индие нардым, миррым, ладаным я мэхэр.

Пасэрей Урымым дыхур дэни къыщагъэсэбэпырт: щыгъыным, унэлъащIэхэм траутхэрт, уеблэмэ шхынми халъхьэрт. Псом хуэмыдэу ахэр ерыщт розэкIи, ахэр нэгъуэщI щIыпIэхэми кърашын хуей хъурт. Урымым и цIыхухэм къалъытэрт дыхур цIыхум и псантхуэхэм еIэзэу.

Дыху зэхэлъхьэнымкIэ тхыдэ гъэщIэгъуэн иIэщ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум. Израилым и Эйн-Геди, Эйн-Бокек къалэхэм я дыху зэхэлъхьэкIэр хэIущIыIу ящIыртэкъым - щэхуу яхъумэрт. Абыхэм я дыхухэм халъхьэрт афарсемон къэкIыгъэм къыщIаху дагъэ лIэужьыгъуэ.

Ди эрэм ипэкIэ VI лIэщIыгъуэм дыхур къыщагъэсэбэпырт КъуэкIыпIэм. Ислъам диным тет къэралыгъуэхэм дыху зэхэлъхьэным хуаIэ еплъыкIэр щхьэхуэт. Аравий хытIыгум къыщыкI удз лIэужьыгъуэ гуэрым и мэр нэхъыщхьэу къагъэсэбэпырт. Хьэрып, куржы дыхузэхэлъхьэхэм дыху технологием щIэуэ халъхьащ ткIуаткIуэ зэракIыщтэ кубыр (перегонный куб). Аравий щIэныгъэлI Аль-Кинди япэу итхащ дыху зэхэзылъхьэхэр зэрыгъуэзэн. Абы къыщыхьат ар зэрызэхалъхьэ Iэмалхэр, дагъэхэр зэрызэхэзагъэр, бальзам зэращIыр, хущхъуэу къэбгъэсэбэп хъунухэр зыхуэдэр.

1608 гъэм Флоренцием япэу къыщыунэхуащ дыху къыщыщIагъэкI фабрикэ. Ар къулъшырыфхэм (монастырь) ящыщ зым хэтт, дыхур зэхэзылъхьэри монаххэрт.

Дыхумрэ модэмрэ зэпхыныр цIыхухэм ягу къэкIа иужь, абы нэхъри зиужьащ. XX лIэщIыгъуэм Пуаре П. ид щыгъынхэм яхуэкIуэн дыху къахуигупсысу щIидзащ. А Iэмалым зригъэужьащ Шанель Габриэль. Дуней псом щыцIэрыIуэщ абы и Chanel №5-р.

Урысейм дыху зэхэлъхьэным зиужьын щыщIидзащ 1843 гъэм къэунэхуа «Ралле и Ко» французу IуэхущIапIэм и фIыгъэкIэ. Революцэ нэужьым абы «Свобода» фIащыжащ - сабын, крем, сэхусэплъ къыщIегъэкI. 1872 гъэм «Цветочный» одеколоныр къыщIагъэкIыу ирагъэжьащ. 1913 гъэм, Романовхэ я илъэс 300-м ирихьэлIэу «Пащтыхь гуащэм папщIэ Iэрамэ» дыхур франджы парфюмер Мишель Август зэхилъхьауэ щытащ. ИужькIэ абы фIащыжащ «Красная Москва».

Ди зэманым дыху лIэужьыгъуэхэр бжыгъэншэщ, щхьэж игу ирихь мэ гуакIуэр къыхихыну Iэмал иIэ хъуащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къамбий Аслъэн и фэеплъу зэхохьэ

Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ Урысей Федерацэм дзюдомрэ самбэмкIэ дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Къамбий Аслъэн и фэеплъ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 18-м, Къэзахъстаным я бэнакIуи 196-рэ, я ныбжькIэ илъэс 23-м щIимыгъуауэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР зэрекIуэкIам кIэлъыплъащ КъБР-м и Парламентым и депутат Ахъмэт Амир, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэмрэ республикэм ДзюдомкIэ и федерацэмрэ я лэжьакIуэхэр, дзюдоист цIэрыIуэхэу Тау Хьэсэнбий, Мудрэн Беслъэн, Тменов Тамерлан, Саидов Ренат, Гъэунэ Андзор, Блий Iэюб, Хьэбэчыр Мурат, Щад Мурат, КIыщокъуэ Муса, Хъурсинэ Артур сымэ, нэгъуэщI куэди.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ зэхьэзэхуэм хэтам щыщу Замбат Къантемыр (кг 66-рэ), Байсиев Таулан (кг 73-рэ), Къуныжь Темырлан (кг 90), Къуныжь Ролан (кг 100), Быф Идар (кг 100+) сымэ дыщэ медалхэр къахьащ.

Килограмм 73-рэ зи хьэлъагъхэм я деж Къущхьэ Темырлан етIуанэ щыхъуащ. Уэсмэн Алихъан (кг 60), Бер Руслан (кг 73-рэ), Мамий Атмир (кг 90) сымэ ещанэ увыпIэр къахьащ.

ЩIалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Джэданэ Залым, Иванов Дмитрий, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ, Махуэ Олег, Хъупсырджэн Резуан сымэ.

Зэуэзэпсэу дунейм ехыжа бэнакIуэ цIэрыIуэм и фэеплъ зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ абы и ныбжьэгъухэу Башорэхэ Артуррэ Рустамрэ, Мудрэн Беслъэн, Тау Хьэсэнбий, Мерэтыкъуэ Мухьэрбий, КIыщокъуэ Муса, Хъурсинэ Артур сымэ, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэр къадэIэпыкъуу.

Къамбийм и япэ тренер, КъБР-м ДзюдомкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Емкъуж Мухьэмэд ди газетым къыжриIащ лъэпкъыр зэрыгушхуэу Аслъэн зэрыщытар, и хьэл-щэнкIэ, цIыху хэтыкIэкIэ къахэщу.

«Утыкум укърипэнутэкъым, къыбдэIэпыкъуфыну ищIамэ, лъэкI къигъэнэнутэкъым, уеблэмэ лъэмыкIми, зрипщытынут. ЦIыху гуапэу, хьэлэлу, ныбжьэгъуфIу щытащ. Спортым зэрыхэтари апхуэдэущ, абы щыхузэфIэкIахэр си псалъэм и щыхьэтщ», - къыхигъэщащ Емкъужым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

• КъБР-м щыIэ МВД-м

Зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ ахъшэ зыкIэщIаупщIауэ. Ар идыгъуауэ шэч хуащI псэупIэ унэхэм пыщIа Iуэхутхьэбзэхэр щIэным хуэгъэпса фирмэм и генеральнэ унафэщIым.

ЗЭКIЭ зэраубзыхуамкIэ, илъэс 44-рэ зи ныбжь цIыхубзым и къулыкъур къигъэсэбэпри, электросетевой компанием и счетым игъэкIуакъым сом 522 000-м щIигъу. Ар, 2021 гъэм и шыщхьэуIум щыщIэдзауэ 2024 гъэм и гъатхэпэр къриубыдэу фэтэр куэду зэхэт унэхэм щыпсэу цIыху зыбжанэм электрокъарууэ къагъэсэбэпам пэкIуэу ята ахъшэрт. Ар шэч зыхуащIым зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и следователхэм уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 201-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ.

ЩIалэщIэм зиумысыжащ

2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Урысей МВД-м и Налшык управленэм зыхуигъэзащ къалэм щыIэ, сотовэ зэпыщIэныгъэмкIэ салонхэм язым и лэжьакIуэм. ЦIыхубзым зэрыжиIамкIэ, тыкуэным и офисым щIадыгъукIащ сом 395 000-м щIигъу.

УРЫСЕЙ МВД-м и Налшык управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар щIыпIэм щыпсэу, илъэс 19 зи ныбжь, а фирмэм и стажерырщ.

ЩIалэщIэм зиумысыжащ икIи жиIащ лэжьапIэ компьютерым ихьэну Iэмал зэриIэр къигъэсэбэпу, уголовнэ жэуапым ирашэлIэну жаIэу къэзыгъэшына, имыцIыхухэм къыхуагъэлъэгъуа банк счетхэм IуэхущIапIэм и хэхъуэр зэрахуигъэхьар.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и Следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «г» пунктым ипкъ иткIэ.

Сом мин 447-рэ

2023 гъэм и накъыгъэм Урысей МВД-м и Налшык управленэм зыхуигъэзащ гъэпцIакIуэхэм я лей зытехьа, илъэс 61-рэ зи ныбжь къалэдэс цIыхубзым.

ЗЭРЫЖИIАМКIЭ, 2022 гъэм и дыгъэгъазэм и цIыхугъэхэм абы кърагъэцIыхуащ Iэмал имыIэу зыхуеину хьэпшыпхэр къэщэхунымкIэ къыдэIэпыкъуну жызыIа цIыхухъур. Абы къыжриIащ, ахэр къыIэрыхьэн папщIэ, сом 447 000-рэ иритыну. ЦIыхубзым абы дзыхь хуищIри, Iыхьэ-Iыхьэурэ мазэ бжыгъэкIэ ахъшэр Iэригъэхьащ. АрщхьэкIэ, цIыхухъум къалэн зыщищIыжахэр игъэзэщIакъым икIи зыкъригъэгъуэтыжакъым.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и къудамэ №1-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм Ставрополь крайм щаубыдащ шэч зыхуащIыр. Ар нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 39-рэ зи ныбжь, гъунэгъу республикэм щыпсэурщ. Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, зыщIэлъэIуа хьэпшыпхэр зыIэригъэхьэн мурад иIакъым, ауэ абы пэкIуэу къыIэрыхьа ахъшэр езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и ОП №1-м и Следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Ар тезырхэр щагъэзэкIуэж колонием щаIыгъщ нэхъапэкIэ банк счетхэм ахъшэ иридыгъукIыным пыщIауэ щIэпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкIыу.

ХэщIыныгъэр ипшыныжащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщ Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.290
Заказыр №1.686
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *корректорхэу* **Елмэс ФатIимэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(2, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.